

Parasite 33, 18 (2026)


© F.J. Randrianambinintsoa et al., published by EDP Sciences, 2026

<https://doi.org/10.1051/parasite/2026009>Available online at:
www.parasite-journal.org

REVIEW ARTICLE

OPEN ACCESS

Naka lañuy liggéeyee ak samp yuul yi (yooy yi): ab gindikaay bu ñépp dëppoo

Fano José Randrianambinintsoa¹, Laure Augendre¹, Jorian Prudhomme¹, Jean-Philippe Martinet¹, Mathieu Loyer¹, Nalia Mekarnia¹, Hocine Kerkoub¹, Farzana Khan Perveen¹, Antoine Huguenin^{1,2}, Emilie Kariya^{1,2}, Mohammad Akhoundi³, Andrey José de Andrade⁴, Eduardo Berriatua⁵, Gioia Bongiorno⁶, Sébastien Boyer^{7,8}, Vasiliki Christodoulou⁹, Magda Clara Vieira Da Costa-Ribeiro¹⁰, Lucas Alexandre Farias de Souza¹⁰, Huicong Ding¹¹, Blaise Dondji¹², Vít Dvořák¹³, Ozge Erisoz Kasap¹⁴, Eunice Aparecida Bianchi Galati¹⁵, Montserrat Gállego¹⁶, Cristina Ballart¹⁶, Stavroula Gouzouli¹⁷, Nabil Haddad¹⁸, Rezki Sabrina Masse¹⁹, Asrat Hailu Mekuria²⁰, Vladimir Ivovic²¹, Szymon Kaczmarek²², Mohd Khadri Shahar¹⁹, Oscar D. Kirstein²³, Edwin Kniha²⁴, Iva Kolářová¹³, Lincoln Timinao²⁵, Cristian Lucanas²⁶, Ognyan Mikov²⁷, Kimsear Nov⁷, Yusuf Özbek²⁸, Bernard Pesson²⁹, Laura Cristina Posada Lopez³⁰, Didot Budi Prasetyo^{1,7}, Nil Rahola³¹, Eduardo A. Rebollar-Tellez³², Bruno Leite Rodrigues¹⁵, Lalita Roy³³, Prasanta Saini³⁴, Chizu Sanjoba³⁵, Paloma Helena Fernandes Shimabukuro³⁶, Padet Siriyasatien³⁷, Agnieszka Soszyńska²², Tatiana Suleşco³⁸, Massamba Sylla³⁹, Majhalia Torno⁴⁰, Petr Volf¹³, Khamsing Vongphayloth⁴¹, Vu Sinh Nam⁴², April Wardhana⁴³, Eric Yessinou⁴⁴, Sonia Zapata⁴⁵, Jean-Charles Gantier¹, and Jérôme Depaquit^{1,2,*} 

¹ Faculté de Pharmacie, Université de Reims Champagne Ardenne, UR ESCAPE-USC ANSES PETARD, 51 rue Cognacq-Jay, 51096 Reims Cedex, France

² Pôle de Biologie territoriale, Laboratoire de Parasitologie-Mycologie, Centre Hospitalo-Universitaire, 51092 Reims, France

³ Parasitology-Mycology Department, Avicenne Hospital, AP-HP, Bobigny, Sorbonne Paris Nord University, France; Unité des Virus Émergents (UVE: Aix-Marseille Univ, Università di Corsica, IRD 190, Inserm 1207, IRBA), 13005 Marseille, France

⁴ Parasitology Collection of Basic Pathology, Department of Basic Pathology, Federal University of Paraná, Curitiba 19031, Brazil

⁵ Department of Animal Health, University of Murcia, Campus de Espinardo, 30100 Espinardo, Murcia, Spain

⁶ Department of Infectious Diseases, Vector-borne Diseases Unit, Istituto Superiore di Sanità, 00166 Rome, Italy

⁷ Medical and Veterinary Entomology Unit, Institut Pasteur du Cambodge, Phnom Penh 12201, Cambodia

⁸ Ecology & Emergence of Arthropod-borne Pathogens Unit, Department of Global Health, Institut Pasteur, CNRS UMR2000, 75015 Paris, France

⁹ Section Veterinary Services (1417), Laboratory for Animal Health Virology, Aglantzia, Nicosia 2109, Cyprus

¹⁰ Insects Vectors and Parasites Laboratory, Department of Basic Pathology and Postgraduate program in Microbiology, Parasitology and Pathology, Federal University of Paraná, 81530-900 Curitiba, Brazil

¹¹ Department of Biological Sciences, National University of Singapore, 117558, Singapore

¹² Laboratory of the Leishmaniasis Research Project, Mokolo District Hospital, Mokolo, Cameroon; Laboratory of Cellular Immunology and Parasitology, Department of Biological Sciences, Central Washington University, 98926 Ellensburg, WA, USA

¹³ Department of Parasitology, Faculty of Science, Charles University, 12800 Prague, Czechia

¹⁴ VERG Laboratories, Department of Biology, Faculty of Science, Hacettepe University, Beytepe, Ankara 06800, Türkiye

¹⁵ Faculdade de Saúde Pública da Universidade de São Paulo (FSP/USP), Pós-graduação em Saúde Pública, 01246-904 São Paulo, Brazil

¹⁶ Secció de Parasitologia, Departament de Biologia, Sanitat i Medi Ambient, Facultat de Farmàcia i Ciències de l'Alimentació, Universitat de Barcelona, & Institut de Salut Global de Barcelona (ISGlobal), Centro de Investigación Biomédica en Red, Enfermedades Infecciosas (CIBERINFEC), 08028 Barcelona, Spain

¹⁷ Laboratory of Infectious Diseases and Public Health, School of Medicine, University of Cyprus, Nicosia, Cyprus & Department of Pediatrics, Archbishop Makarios III Hospital, Nicosia 2115, Cyprus

¹⁸ Faculty of Health Sciences, American University of Beirut, 1107 2020 Beirut, Lebanon

Edited by Jean-Lou Justine

* Kii ngéen di jokkal ci bépu faana bu aji ci teere bi: jerome.depaquit@univ-reims.fr

- ¹⁹ Medical Entomology Unit, Infectious Disease Research Centre, Institute for Medical Research (IMR), National Institutes of Health (NIH), Ministry of Health Malaysia, 40170 Shah Alam, Selangor, Malaysia
- ²⁰ School of Medicine, Addis Ababa University, 28017 - 1000 Addis Ababa, Ethiopia
- ²¹ Faculty of Mathematics, Natural Sciences and Information Technologies, University of Primorska, 6000 Koper, Slovenia
- ²² University of Lodz, Faculty of Biology and Environmental Protection, Department of Invertebrate Zoology and Hydrobiology, Banacha 12/16, 90-237 Łódź, Poland
- ²³ Laboratory of Entomology, Ministry of Health, 9134302 Jerusalem, Israel
- ²⁴ Center for Pathophysiology, Infectiology and Immunology, Institute of Specific Prophylaxis and Tropical Medicine, Medical University Vienna, Kinderspitalgasse 15, 1090 Vienna, Austria
- ²⁵ Papua New Guinea Institute of Medical Research (PNGIMR) Institute, PO Box 60, Headquarter, Homate Street, 441 Goroka, Eastern Highlands Province, Papua New Guinea
- ²⁶ Museum of Natural History, University of the Philippines Los Baños, 4031 Laguna, Philippines
- ²⁷ National Centre of Infectious and Parasitic Diseases, 1504 Sofia, Bulgaria
- ²⁸ Ege University, Faculty of Medicine, Department of Parasitology, 35040 Bornova/Izmir, Türkiye
- ²⁹ Retired, Faculté de Pharmacie, Université de Strasbourg, Strasbourg, 67400 Illkirch-Graffenstaden, France
- ³⁰ Program for the Study and Control of Tropical Diseases (PECET), Faculty of Medicine, University of Antioquia, 050010 Medellin, Colombia
- ³¹ MIVEGEC, Univ. Montpellier, CNRS, IRD, 34394 Montpellier, France & Medical Entomology Unit, Institut Pasteur de Madagascar, 101 Antananarivo, Madagascar
- ³² Laboratorio de Entomología Médica, Departamento de Zoología de Invertebrados, Facultad de Ciencias Biológicas, Universidad Autónoma de Nuevo León, San Nicolás de los Garza, 66455, NL, México
- ³³ Tropical and Infectious Disease Centre, BP Koirala Institute of Health Sciences, Dharan 56700, Nepal
- ³⁴ ICMR-Vector Control Research Centre, Puducherry 605006, India
- ³⁵ Graduate School of Agricultural and Life Sciences, The University of Tokyo, Tokyo 113-8657, Japan
- ³⁶ Grupo de estudos em Leishmanioses/Coleção de Flebotomíneos (COLFLEB/Fiocruz-MG), Instituto René Rachou, Fundação Oswaldo Cruz, Belo Horizonte, Minas Gerais, 30190009, Brazil
- ³⁷ Center of Excellence in Vector Biology and Vector-Borne Disease, Department of Parasitology, Faculty of Medicine, Chulalongkorn University, Bangkok 10330, Thailand
- ³⁸ Department of Arbovirology, Bernhard Nocht Institute for Tropical Medicine, Bernhard Nocht Str. 74, 20359 Hamburg, Germany ³⁹ Laboratory Vectors & Parasites, Department of Livestock Sciences and Techniques, Sine Saloum University El Hadji Ibrahima Niassé (USSEIN) Kaffrine Campus, C.P. 24600, Senegal.
- ⁴⁰ Environmental Health Institute, National Environment Agency, Singapore 138667, Singapore & Department of Biological Sciences, National University of Singapore, 117558 Singapore
- ⁴¹ Institut Pasteur du Laos, Laboratory of Vector-Borne Diseases, Samsenhai Road, Ban Kao-Gnot, Sisattanak District, 3560 Vientiane, Lao PDR
- ⁴² National Institute of Hygiene and Epidemiology, 1 Yec-Xanh Street, Hai Ba Trung District, 100000 Hanoi, Vietnam
- ⁴³ Indonesian Research Center for Veterinary Science, Indonesian Agency for Agricultural Research and Development, Ministry of Agriculture Republic Indonesia, Bogor 16114, Indonesia & Department of Parasitology, Faculty of Veterinary Medicine, Airlangga University, Surabaya 60115, Indonesia
- ⁴⁴ Laboratory of Research in Applied Biology, Polytechnic School of Abomey-Calavi, University of Abomey-Calavi, 01 P.O. Box 2009, 00000 Cotonou, Benin
- ⁴⁵ Instituto de Microbiología, Colegio de Ciencias Biológicas y Ambientales (COCIBA), Universidad San Francisco de Quito (USFQ), 170901 Quito, Ecuador

Received 1 December 2025, Accepted 29 January 2026, Published online 3 April 2026

Tënk – Jukki bii dafay joxe ab gindikaay bu mat sëkk ci naka lañuy liggéeyee yuul yi, di ay jéego yu am solo lool ngir xàmmeexee yuul yi ak ngir gis walla tàggale doomi jangoro yu bon yi. Dafa lëmbe ay xarala yu wuute yu baax ngir jëfandikoo ci aal bi ak ci laboratuwaar bi. Jukki bi am na ay tektal yu leer ci ni ñuy dajale, jàppe, aar ak raye yuul yi (bolle ci digle ñu jëfandikoo seddal gu wow walla CO₂ te bañ a jëfandikoo ay jëniy simi, ak itam ay fàna yu ñu leen mana dence yu melni seddal ak denc ci biir éthanol. Waajal ay cér yu rañeku yu wóor (melni jëmm, bopp ak laaf) ngir seet ko ci mikroskoop, ñu ngi ko fësal bu baax ci feemi pess yi. Këyit gi itam dafa joxe ay leeral yu mat ci ni ñuy waajalee dieumi gunoor bi, bokk na ci leeral ak ay saafara yu melni potash ak ndoxum Marc-André. Ci doxalinu montaas bi, dañuy méngale ay ndox yu wuute, ci fësal seeni melokaan ci wàllu leeral ak ni ñu mënee yàgge cib denc.

Liwidu walla diwlini Hoyer (ñu xame ko itam ci turu chloral gum) lañuy digle ngir saytu gu gaaw, rawatina suddee spermathek yi, ndaxte leer na, wante baaxul ngir nanguwul denc ko lu yàgg. Ñu ngi waxtaane yeneen xeeti ndox, bokk na ci polyvinyl alcohol, Euparal® (ngir mu mën a dékku ndox lu néew) ak Canada balsam (ab media buy diig ci hydrocarbures yi), te ñaari media yu mujj yi dañuy maye ñu denc ko lu yàgg. Feem yu bees ci wàllu biyoloji molekilëer, niki sékansaj ADN ak espektrometri de mass MALDI-ToF, yuy laaj ñu jox leen cër bu wér bu ñuy jëfandikoo yuul yi, ñoom itam ñu ngi leen fiy wonee. Ci li ci topp, boole na ñu ci ay wideo yu gàtt yuy wone xeeti montaa mbaa samp yu wuute, and ak ay tekki ci 33 làkk walla kalama you bokul, loolu di tax ñu mën a fàjj soxla ak yaakaar yu wuute yu tukke ci mbootaayu borom xam-xam yi ci àdduna bi.

Baati màndarga yi:

Dajale, yuull yi, Liwidu Hoyer, Ndoxum Marc-André, gomu kloral, alkohol polivinil, Euparal®,

Abstract – Processing and mounting phlebotomine sand flies: a consensus guideline. This article provides a comprehensive guide for the processing and mounting of phlebotomine sand fly specimens, which is crucial for species identification and pathogen detection and isolation. It discusses a range of techniques suitable for both field and laboratory settings. The guide includes detailed instructions on sand fly collection, handling, covering, and euthanasia (recommending dry freezing or CO₂ over chemicals) as well as conservation strategies, such as cold storage and preservation in ethanol. The quality of preparation of certain anatomical structures (genital organs, head and wings) is essential for their proper microscopic observation and is described in this work. The article also presents detailed sample processing, including the clearing process with agents such as potassium hydroxide then Marc-André solution. The mounting process compares different media, emphasizing their optical properties and preservation potential. Hoyer fluid (also known as chloral gum) is recommended for quick observation, particularly for spermathecae, due to its clarity, although it is not suitable for long-term storage. Other media discussed include polyvinyl alcohol, Euparal® (for limited water tolerance), and Canada balsam (a hydrocarbon-soluble medium), with the latter two offering long-term preservation capabilities. Innovative molecular biology approaches such as DNA sequencing and MALDI-ToF, which require particular attention to sample processing, are also addressed. Furthermore, short video clips illustrating various mounting techniques as well as translations in many different languages are provided, allowing the guideline to reach the diverse needs and expectations of the global scientific community.

Key words: Mounting, Phlebotomine sand fly, Hoyer fluid, Marc-André solution, Chloral gum, Polyvinyl alcohol, Euparal®, Canada balsam, *Leishmania* isolation, Field conditions, Culture, Dissection, Molecular biology, MALDI-ToF, Type-specimens.

Ubbité

Yuul yi ak xeeti gunoor la ñu yu banxasoo ci njabootu Psychodidae, eumb-xeet wu suuffe di su-njabootu Phlebotominae, di lim lu mat 1063 xeet yu ñu xaamee [21]. Ñu di ay nass-kat yu am solo ci ay doomi jangoro yu bon (*Leishmania*, *arbovirus* yi ak *Bartonella*), waralit ay jàngoro yu melni *leishmaniasis*, arbovirus ak bartonellosis. Raññee leen dafa sukkandiku lu ëpp ci seet bu xóot bu ñuy def ak mikroskoop, loolu di lu man a nekk ginaw senoub dajale gu mat sèkk, denc bu mucc ayib, gu yeyoo ak samp gu ñu leen di samp ci ay laam, te loolu dafa laaj ay xarala yu wuute yu bare, bu nekk ak ay njariñam ak ay àtteem. Xamme mbindéefi yuul yu matt yi, dañu koy sukkandi ci seetlu seen melokaanu biti (lu melni seeni antëñ ak seeni palps (mudi ay ñox), ak seeni awra you góor yi). Dañuy seet itam seen melokaanu biir (lu melni seen farinks, seen sibirium ak seen spermathek). Senoum peess ak texale seeni ceer yu biir dafay yombal seen seetlu, te loolu di tax ñu mën leen a xamme ci anam yu wóor. Kon, ci senouk wuute ak yoo yi walla triatome yi, fów da ñu leen di tass ci diggante

benn laamu mikroskoop, kēp ca ass laam balaa ñu leen di mën a xammee. Ba ci atum 1980 yi, seetlu ak mikroskoop rekk moo doonoon péexe bi amoon ngir xammee yuulyi, te ba tey mooy péexe bi ñu gën a jëfandikoo. Tanneefu doxalin yi ak waajal yi kon yombon na te lallu won ci ñaari fana you tãggatiko : ci genn wet, samp gu sax ngir aar misaal yi lu yàgg cib denc ; ci geneen wet, samp bu gaaw ci anam yuy waral nga xammee ko, waaye denc ba du yàgg. Samp bu sax, misaal ci biir resiin bu melni Canada balsam, aw doxalin la wuy jël ay waxtu te dafa laaj ñu wowal yuul yi ba ndox mi ci seen yaram jeex takk. Rax ci dolli, indice refraction bu medium bii du saa yu nekk lay baax ngir yombal seetluk spermathek yi. Waaye, montass ci biir ndox (lu melni, Hoyer) moo gëna gaaw te dafay tax ñu gëna mëna gis spermathek yi, waaye garantiwul ni waajal bi dina ñu yàgg, ndax medium bi dafay xëcci guus ci diaaw dji. Benn ci matuwaay yi mooy nga tēj laam bi ak vernis bamu wow bu baax. Deggo boobu mingi wéy di am solo te dafay indi jafe-jafe ci tãneefi xeetu montass bi, lépp di aju ci mébetu waajal bi. Lu ko dalee ci ati 1980, njàngum raññee yuul yi, dañu boole njàngum melokann ak biosimi.

Benn ci xeeti xam-xam yooyu dafa sukkandikoo ci jàngat hydrocarbure yi ci yaram wi, bi ñu gaawe wecce ak pexem biyoloji molekilëer (maanaam, yokk ADN polymorphique [RAPD], polymorphism guddaayi fragment [RFLP], yokk ADN Sanger ak toppalante [NGS]). Tay, xeetu molecule yooyu dañu leen a mottali ak pexey proteomik yu melni Matrix-Assisted Laser Desorption-Time of Flight (MALDI-ToF). Rax ci dolli, raññeekaay molecule bu xeetu mbindéef yi mën nañu ko boole ak gis doomi jangoro yi ak PCR (*Leishmania*, *Trypanosoma*, *Bartonella*, ak *Phlebovirus*), te yepp mën nañu leen a gis ci PCR buñ miin ci saa si, te loolu dafay laaj ñu méngale seeni misaal ak pexe yi ñu leen di diappe, yu adio ci liñou yaakara djiss. Lu weesu mândarga yaram yi ñuy faral di jëfandikoo ngir raññe xeet yi, mën nañu jëfandikoo yeneen xeeti xamekaay you adjiou ci yaram vi ba legui (maanaam, xayma nattub laaf yi).

Buñu sukkandiko ci jaar-jaaru bindkat yi ak ci li bawoo ci téere yi, jubluwaay bi ci jàngat bii mooy joxe tegtal yuñ yamale ngir waajaluk liggéeyou yuul yu matt yi ngir gëna mëna jàngat sen mbindin ak senuk saytu ci wallu molekilëer.

Dafay am solo ñu def yenn jàngat (lu melni, biyoloji molekilëer wala MALDI-ToF), te lollu dafay laaj ñu denc genn wäll ci yuul wi, di wall vu amul benn njariñ ci raññeekoo ci melokaannam, loolu dafay wone njariñu tanneef ci protokol yu leer.

Ci xët mii, dañuy wax ci anam yi ñuy nelawale ak rayy yuul yi ñu jàpp ñuy dundu, ni ñu leen di dence, ak ni ñu leen di tasse ci diggante laam bi ak laam si, ngir gaaw leena raññee wala ngir denc leen lu yàgg suko defee ñu mën cie deffat ab jàngat euleuk.

Njitlaay : Kaaraange ak sàrt yiñu tëral dañu leen a wara tunk ci kayit

Bépp jëniy simi buñu tuddu ci téere bii dañu ko wara jëfandikoo ci anam bu wóor. Mbollo yiy saytu wérgi-yaram ak kaaraange ci barabi gëstu yi mën nañu joxe ay leeral ci loraange yiy tukke ci jëniy simi yooyu, waaye itam ci ni ñu leen di jëfandikoo ak nu ñuy watto mbalit mi ci tukke bo loraange du ci top ken. Waaye fàww nga topp tegtali kaaraange yiñu tëral ngir jëfandikoo leen ak sakal leen pexe. Dafay am solo lool ñu xamni wareefu jëfandikukat bu nekk mooy topp xeeti jëf yu baax yiñu tëral ci laborotouwar yi, sàrti kaaraange yi, ak yoon yi, ak sàrt yiñu tëral ci seen réew wala seen barabu gëstu kaay. Rax ci dolli, yenn jëniy simi yi wala yenn ci seeni mbir (lu melni, chloral hydrate) dañu leen di yamale ci yenn réew yi.

1. Njappum yuul

Yuul yu matt yi mën nañu leen a jàpp ñuy dundu wala ñu dee ci anam yu bari, lu ci melni fiir yu ndaw yu melni CDC, fiir yuy kole nga xam ni yuul wi da ci naan ñapp, mucu kaay yu ñuy jëfandikoo di fiiru Shannon, wala ñu jàpp leen ci seen barab yu ñuy nekk (lu melni, gettu baayima yi). Pexe yooyu mingi adiou ci dugal ay fiir ci seeni dëkkuwaay, xëcc yuul yi ak leeraay wala yeneen mbir yuy xëcc (CO₂ wala xëcc simik), ba noppi dajale leen ngir jàngat leen ci benen yoon, ni ñu ko leeralee ci téere yu bari [2, 3, 32, 36, 49]. Jàpp yuul yuy dundu dafay tax ñu mëna jëfandikoo pexe yi ñuy wone ci kanam yépp, waaye dajale yuul yu dee dafay tere ñu xàjjale *Leishmania* wala ay xeeti virus. Yenn pexey jàpp, lu ci melni këyit yuy kole, dañuy faral di indi cëri yuul yi di dam (ñox yi, laaf, wala tànk). Rax ci dolli, diwu ricin bi ñuy jëfandikoo diko diw thi këyit yi, yuul yi dañu ciy kole, mo tax ñu war ko raxass numu gana gawe, di faral di leen xooj 15 simili ci njaxasu etanol ak diethyl ether yu tolloo.

2. Rayinu yuul yi

Ginaaw ñu dajalee yuul yi ba noppi, dañu leen wara ray. Ak yenn pexe yu ñu len di jappe (lu melni, këyit yu kole wala fiir CDC yu leer yu am butéel bu def xetu saabu wala etanol), yuul yi dañuy dee ba pare bi ñu len di jël. Biyoloji molekilëer mën nañu ko jëfandikoo ci xeetu mbindéef yiñu jëlee ci etanol, ak itam ci yeneen sudee dañu leen a denc ci etanol ci nimu gëna gaawe. Waaye benn ci xeeti doxalin yooyu nangu wul nga tek ci di jafandikoo MALDI-ToF. Rax ci dolli, yenn xeeti rayin yi mën naa tax ñu ñakk yenn mândarga ci yarami gunoor yi. Kon dafay am solo lool ñu jëfandikoo tooke ju mana ray ci anam you mucu euyib, ngir mëna raññee bu baax sen melokaan wala ñu denc len lu yàgg ci misaali royuaay (maanaam, denc ko ngir royuaay wala méngale ëlëg).

Jëniy simi yu melni asetat etil, eter etil, tetrachloroetan, ak chloroform mën nañu cee xooj wëtteen ba noppi dugal ko ci potte bi deff yuul yi ngir ray leen. Dañu wara moytu jëfandikoo jëniy simi yooyu, topp tegtali defarkat bi, ndax dañu am tookke. Dunu digale ñu jëfandikoo chloroform ngir ray yuul, ndax ci sunu jaar-jaar, day galangkoor gëstub biyoloji molekilëer. Boo jittale loraange yi mana tukke ci jëniy simi yooyu yépp ak senuk japndal ci gëstu wallu molekilëer, dañuy daadi daax jëfandikoo leen.

Pexe miñu gëna jëfandikoo ngir sam mandargayi, ADN ak protein mooy seeral leen guuy, bañu wow kong. Daño wara seeral yuul yi lu yàgg ngir ñu mën leena faat, waaye nak moytu ñu baña (i) wow (ii) wala yàq dundu *Leishmania*, sudee liñu bëgg mooy ñu tàqale leen ci wàllu mbax gui walla buttit yi. Moo tax dañu leen di digal ngeen bàyyi ko ci -20°C ci dirub 15 ba 20 simili, ngeen diko saytu saa yu nekk ba gunor yi bili mbaane tee *Leishmania* bañ ce dee.

Sudee congelatër amul, mën naño ray gunóor yi ci CO₂. Ci anam yu bari, fuñu mënataule jëfandikoo mbandum CO₂, mën nañu ray xeeu mbindéef yi ci jëfandikoo ay kartoussi CO₂ yu ndaw yu melni yi ñuy jëfandikoo ci sifon soda, waaye nak seenub dem ak dikk ci jawwu ji aki roplane man naa indi ay tere. Li mujjee mooy mën naño ray yuul yi suñu nekkee ci saxaarus poon. Dañuy jàpp yuul yi ñuy dundu ci fiir bu CDC, ñu jëfandikoo mucu kaay ngir dindi leen, tÿe leen ci biir pote bu weer, ba noppi ñu dugal leen ci saxaarus poon, ñu dee ci diir bu gätt. Bokk na ci anam yi ñuy jëfandikoo ci aal bi, ci weeta yu metti. Waaye ginaaw saxaar si dafay fees dell ci pote bu weer bi, dotu ñu ko mēna jëfandikoo ngir jàpp ak jëfandikoo yuul yuy dundu sudul nee dañu ko raxas bu baax, bamu set wecc. Teerewul, mën naño jëfandikoo benn mucu kaay buñu raxasul ngir ray yuul yi ci yeneen fiir ngir fikse leen. Dafay am solo itam nga xool ndax dindi nañu xeeu mbindéef yépp ci mucu kaay bi (aspiratër bi). PeXe yooyu daño méngoo ak ni ñuy xàjjale *Leishmania* yi ci bax wala buttitu yuul yi.

3. Sàmm yuul yi laata ñu leen di liggéey

Am na 5 yoon yu fëss yu ñuy jëfandikoo ngir dëgëräl laata ñu leen di liggéey:

3.1. Seral

Yoon wii, li gën mooy ñu def ko ci -20°C walla, li gën a baax, ci -80°C. Yoon yii ñu sàmm, léegi ñoo gën a siiw ci jëfandikoo, rawatina denc ci nitrojen bu saw. Ci lépp, denc gi ci sedd gu metti war naño ko def ci saw, gannaaw bi ñu daaneelee rab yi. Denc gi ci sedd bu metti ci biir konjelatër am na njariñ lool, ndaxte dafay denc bu baax rab yi ci seen bopp, ak seen RNA, DNA ak seen poroteyin yi, te du yaax dara ci sen yaram dirub jamono ja ñu leen fa denc. Ci geneen wäll, nitrojen bu ndoxe mën na yàq bu baax laaf yi, tãnk yi, niox yi, loolu di faral di tax ñu dog leen, te yenn saa yi, ñàkk melokaan yu am solo ci yaram wi.

Denc bu sedd gey ci firigidëer dafa leen di lor tuuti, waaye baaxul ngir sàmm seeni cér yu doyodi. Am na solo ñu xam ne bu ñu leen di sawale, laaf yi, niox yi (antëni yi, palp yi) walla tãnk yi mën nañoo tax ci mbarum tiyo yi te dagg ndax ndox mu sedd mi fay dajaloo. Waaye, denc ci sedd du lu man a nekk saa su nekk ci biir gëstu yi ñuy def ci biti, ndaxte dafa laaj am firigidëer walla mband bu am nitrojen bu ndoxe. Denc ci konjelatëer mën na ànd ak fëggü jàngoroy yi, ak jumtukaay yu molekilëer yi te du wãññi dooley fëgg gi, waaye fëgg gi ak taggale wiris RNA yi dafa laaj ñu konjele ko ci -80°C walla ci nitrojen likid su fekkee denc gu yàgg lañu ko bëgg denc. Waaye, seddal ci konjelatëer du tax ñu mën a xàjjale *Leishmania* yi ci biir bi, lu dul bu ñu njëkke xooj yul yi ci coolak nitrojen, teg ci nitrojen bu ndoxe (ci misaal, ci ay butel yu ñu def ci biir kawas), loolu di niru ni ñuy seddale *Leishmania* yi ngir denc ko.

3.2. Denc ci alkol (etanol walla alkol isopropil)

Xëy na, lii mooy fãna bi ñu gëna jëfandikoo ngir denc yull yi. Yomb na lool a def ci aal bi, ba sax ci ay anam yu jafe te amul laboratuwar. Denc gi ci alkol baax na lool ngir ay jàngat yu jëm ci melokaanu yaram wi, ndaxte cér yu doyodi yi (laaf yi, tãnk yi, ak niox yi) duñu yàqu su amul ngelaw ci biir tiyo bi. Looloo tax ñu digle ngeen tēj tiyo bi ak wëttën bu tuuti ngir gënne ngelaw li ci biir te tek benn etiket mbaa këyit wuy raaññee ci kaw wëttën wi (Nataal 1). Tolluwaayu alkol bi gën a baax, loolu ba léegi ñu ngi koy waxtaane. Ci lu ëpp, diglewuñu tolluwaay bu yeess 70% [45, 66]. Tolluwaay yu gën a kawe ñoo gën a sàmm DNA bi ci diir bu yàgg, waaye dañuy tax yuul yi gën a gaawa damm te lolu day galangkor njàngatum melokaan wi. Jëfandikoo etanol bu 96% (boole ci azeotroopik) dafay tax tolluwaay bi di sax ci diir bu yàgg, rawatina ci gox yu tooy yi mel ni réewi tãngoor yi, donte etanol bu 95% moo gëna yomb a am. Ak tolluwaay bumu mana doon, ADN bi dafay faral di sàmmu bu baax ci etanol (waaye du ni sàmmo bu ñu ko seddalee, rawatina ci fannay molekil yi niki NGS). Ci geneen wäll, proteyin yi ñoom duñu sax lu tollu noonu, rawatina ci jëfandikoo yu proteyomik yu melni MALDI-ToF. Mbindaafan yi ñu denc ci alkol ay weer mën nañu leen a xàmme ci seen melokaan, waaye mēnul nekk ñu jële ci ñoom ay spektru proteyin yu royuwaay.

Denc gi ci alkol lu tollo ak ay weer du tee ñu man a raaññee yuul yi ci seeni melokan, waaye do tuñu mana am ay spektru proteyin yu royuwaay ci yuul yoo yi. Denc bu wow mën na gën a baax su fekkee ne yuul yi dañu leen a seddal itam ci -20°C. Gël ci -20°C ; li mu njëkk a gëne mooy sàmmug molekil yi (li melni asid nukleik yi) ndaxte dafay wãññi yàqu-yàqu bi, te itam am na beneen njariñ bu topp ci sàmm melokaanu mbindéef mi, ndaxte dafay wãññi yàqug suux yi lumu yaag yaag, wante njeexit li mu am ci melokaanu mbindéef mi dafa gën a tuuti bu ñu ko méngalee ak sàmmug molekil yi. Mën naño jëfandikoo itam denc gi ci etanol ngir gis wiris yu DNA ak RNA, su fekkee etanol bi am na lu tollu ci 70% ci biir te denc gi weesuul ay weer yu néew. Ci beneen faana, alkol isopropil mën naa diaap ndi ci yenn réew yi te mën na denc DNA, waaye dafay tax yuul yi di gaawa damm. Gaawu la taak ni etanol, looloo tax ñu mën koo yóbbu ci anam yu gën a yomb. Suko aajo wo, mën nañu jël yuul yi denc leen ci nitrojen bu sedd lool walla yu ñu wowal, soob leen ci alkol, loolu di boole jafe-jafey ñaari fãna yépp.



Nataal 1: Yuul yu ñu denc ci etanol.

3.3. Denc ci saafara buy dëgëral RNA (RNASS)

Jumtukaay bu ñu bare di jëfandikoo lool te amul tooke bii, dañu ko defar ngir mu dëgëral te aar RNA bi ci suux yi ak selil yu bees yi. Dafa doxee ci ni muy gaaw a dugg ci biir yuul yi te day luggu RNases yi (di ay enzyme yuy yàq RNA), loolu tax mu tere RNA bi yàqu te soxlawul ñu gaaw koo seddal. Denc ci biir RNASS lu ci ëpp baax na lool ngir sàmm melokaanu suux yi ak selil yi, te gannaaw loolu dana ñu ci mana def ci seen seetlu histologi. Dontee ndox momu dañu ko defar ngir mu taxawal RNA te du ko fiksé, denc ko ci diir bu gàtt walla bu digg-dóomu dafay doy ngir mu sàmm melokaanu yuul yi. RNASS dafay maye ñu denc ay mbindéef ci tangaayu (nuggayu) neeg lu mat 7 fan, ci 4°C mba lu mat ayu-bés, walla ci -20°C/-80°C ngir denc gu yàgg. Yoon wii am na solo lool ci liggéeyu biti walla ci barabi fajukaay yi, fa nga xam ne jumtukaay yu taxawu sedd gi bariwul. Jële RNA bi, li mu laaj mooy ñu jële ay yuul ci saafara si, te defar leen ci anam yu topp yoon yu ñu baaxoo.

3.4. Denc gu wow ci tangaayu(nuggayu) néeg bi

Lii aw yoon la wu yàgg, te buñu ko jëfee ci ay yuul yuñu denc lëm (yuñu montaass ñu mat), li mu ëpp ayib mooy du denc bu baax cér yu doyodi yi niki laaf yi, tànk yi, ak niox yi (antén yi ak palps yi). Waaye, jàngum proteomik yiy jëfandikoo MALDI-ToF mën nañu koo def ba tey, su fekke ni dañuy wowal ci saa si ginnaaw bi ñu taxawee, te jëfandikoo lu melni gel silice ngir wowal. Ci beneen wet gi, saytu yu jëm ci molekil yi tey seet DNA dafa jafe ci mbirum nattukaay bu mel nii, ndaxte DNA bi dafay faral di dam-dame te nekk ci lim bu tuuti, loolu tax saytu yi gën a jafe ci nattukaay yu tooy walla yu ñu seddal, rawatina ci génome

bu noyoo bi. Waaye, xarala yu bees yu melni museomics mën nañu ko jëfandikoo ci mbirum nattukaay bu mel nii [34]. Looloo tax, xeetu sàmm bii, digee wuñu ko, lu dul bu meneen péexe amul. Mën nañu koo boole ak denc ci sedd gu metti, ci ñu dugal tiyo yi ci ab konjelatëer ci -20°C walla -80°C. Jafe-jafe bi gën a réy mooy am montaas bu baax ci wàllu yaram walla mbir yu ñu soxla ngir mën leen a xàmme. Ngir def loolu, gajfalaat leen am na solo lool. Dañuy digle ñu jëfandikoo Triton X-100. Waxtuyi gajfalaat bi di jël mën naa tollu ci ay waxtu yu néew ba ci ay fan yu bare te dafa laaj ñu koy topp bu baax. Ginnaaw bu gajfalaat bi jeexee, war nañoo xooj yuul yi, leng xalli lenn ci ñetti ndox yu toftaloo.

3.5. Denc ci kayit uk seggukaay

Njariñ li gën a mag ci kayit uk seggukaay mooy ni ADN génomik bi day yàgg te du yàqu ci biir selil yi, ci yaram wu matt yu ñu fiksewul te wowalu ñu ko, walla selili dereet yu ñu denc ci tangaayu néeg. Këyitu seggukaay bi, dañu ko defar ci melokaanu kaart yu ndaw, loolu tax ñu mën ko denc ci tangaayu néeg bi ay téeméri sampiñ ci barab bu tollu ni bu benn tirooru biro bu ndaw. Këyituk seggukaay gi dañu koo xooj ci ak ay jëniy simi yuy yàq doomi jangoro yi, loolu moo tax sampal yi dootu ñu leen jàppe ne ñu lambo tooke. Lii dafay tax ñu mën a denc ak a yóbbu sampal yi te du laaj ay matuwaay yu wóor yu jëm ci fitnay andak tooke [68].

4. Peessum yuul yi

Ci lu wutte lool ak yennen xeeti gunoor yu bare, yu ni ñuum tei ñu maan leen a xamee ci xool seen melokaanu biti, yuul yi ñom dañuy laaj ñu feess leen te samp leen ci ay laam ngir jàng seen melokaanu biir yi am solo ngir man a xam seen xeet bu weer. Ak pexem waajal ak samp mumu mana doon, man a doon, doxalin wuñu tànn ngir waajal ak samp, benn xarala buñuy jëfandikoo ci wallu feess lañuy séddalee (Nataal 2 ak 3) (<https://zenodo.org/records/18198006>).

Jëfandikoo Triton X-100: saafara bu amul ion ci ndox

War nañoo xam ne samp gi, dañu ko defa ak ay mbidéeff yu ñu mujjee jàpp walla yu ñu sàmmon len bu baax. Waaye, dajaleekatu gunoor yu bare am nañu ay royukaayu yu ñu sàmm ci wow (ngir jëfandikoo leen ci MALDI-ToF) walla yu ñu denc ko ci alkol ay at yu bare. Waaye, denc bu yàgg lool ci alkol baaxul, te mbidéeff yu ñu sàmm noonu dafay jafe lool ñu waajal leen ngir seet leen ci mikroskob. Benn jafe-jafe bu ñu faral di gis mooy plastig yi ñuy dence yuul yi dañuy yàqu, ginnaaw loolu alkol bi di wow. Ci ñaari nekkin yépp, deff ay pexe ngir mussal leen jafe na, ndax li

ñu leen dencoon ci alkol lu yàgg lool, bañu wow kong. Ci kaw loolu la xalaatu jëfandikoo ay ndox yuy tooyal, yu dul ay saabu yuy yaax judo. Triton X-100 mi ngi ñëwe ci melokaanu safara bu amul ion ci ndox (safara bu 4-(1,1,3,3-tetramethylbutyl)phenyl-polyethylene glycol, walla t-octylphenoxy polyethoxyethanol, polyethylene glycol tert-octylphenyl ether), ñu koy jëfandikoo bu baax niki setalukaay ci bioloji selil ak molekil. Dafay tax deeri selil yi ak yu nukleyeer yi di gën a ubbeeku.


Jukki bii ci topp dafay leeral naka lañuy jëfandikoo Triton X-100 ci biir ndox mu tollu ci 0.5%:

- Tóoyal mbidéeff bu wow bi ak alkol bu ken raxul, bu set wecc.


- Yokkal ci tolluwayu ndoxum saafara Triton X-100 bu 0.5% bi, ba mbidéeff bi muuru lépp.

- Báyil mu liggéey diirub 5 simili ba ci ay fan, di ko saytu saa su nekk. Xeeti gunoor yépp war nañoo taqalikoo bu baax ci biir saafara si.

- Jéleel saafara Triton X100 bi te wuutu ko ak saafara potassium hydroxide.



Nataal 2: Jumtukaay yi ñu sooxla ngir samp yuul yi: A: laam ci yu wërngëlu yu ñuy tek ci kaw (diameetar 10 walla 12 mm); B: Plak bu am 24 pax ak pikk bu am kâcc (su fekke diwlinu girofe walla Euparal® lañuy jëfandikoo ngir samp yuul yi, buleen jëfandikoo plak akrilik, ndaxte ab reaksiyon simik mën na yàq mbideeff yi); C: Ay lam yu weer yu nangu bind ci kawam; D: Detay bu ñeel kùru pikk mi; E: Ay pikk yu ñu nass ci ay sereng; F: Weeru montor walla lu ko nirool luy ñuy deff mbideeff yi ñu war a samp; G: Kepp Dumont; H: Muccukaay bu plastik; I: Muccukaay bu weer bu ñu lakk ba mu dëng ngir yombal yóbbu ndox mi ci pax yi.



Nataal 3: Plak bu am 24 pax, bu nekk am bopp ak biirub mbindaan.

4.1. Bopp

Peess mi mën nañu ko defee ak ay pikk yu sew walla ay pikk yu ñu jagleel gunoor yi, ci suufu stereomikroskop (Nataal 2 ak 3). Pikëer yi ñu gëna jëfandikoo ñooy: 26G × 1/2" (0.45 × 13 mm), 30G × 1/2" (0.3 × 13 mm) walla 25G × 5/8" (0.5 × 16 mm). Ngir waajal ab royukaay ngir ñu mën koo xàmme, lu néew-néewa, dañuy dagg bopp bi ci yaram bi te samp ko wetu biir bi di diëm kaw ngir feessal cibarium bi ak gorob bi, fekk nañuy samp dënn bi ak biir bi ci wet gi ginnaaw bi ñu leen teng xee. Teguk bopp bi ci jubluwaay bu jëm kaw dafay tax xuru bopp bi di jëm fess, loolu di tax ñu

mën a gis sibariyom bi ci lu jub. Yomb na lool ñu jot ci cér yu yaram yii su ñu taxalee bopp bi bu baax ak desitu yaram wi.

4.2. Laaf yi ak dënn bi

Laaf yi dañu leen a wara samp ba ñu talli. Laaf bu nekk mën nañu koo dindi ci reenam, samp ko moom kenn, walla benn laaf rekk lañu mën a samp, te beneen bi des takh ci dënn bi. Su fekkee dañu bëgg def analisu morformometriy bu jevomeetriy, am na solo lool ñu xàmnee bu baax te texale laafu ndeyjoor ak bu càmmooñ laata ñu leen di samp. Dënn bi, dañu ko séddale ci ay xaaj yu bare, te bu nekk am na ay xibaar yu am solo lool ci wàllu ràññee xeet yi [20, 64]. Ci lu ëpp, dañu koy samp ci wet gi ngir ñu mën a seetlu chetotaxy (manam mellow karaw yi) ak ni wirgo yi séddalikoo. Mën nañu jëfandikoo barab yi karaw yi sampoo ci dënn bi ngir ràññee yenn xeet yi ci biir xeet wu mag wii di *Brumptomyia*. Man nañu jëfandikoo ni melo yi séddalikoo ngir séddale yuuli Neotropical yi ci tolluwaayu xeet (misal, *Bichromomyia*), ci ay mbooloom xeet (misal, *Pintomyia*), ak sax ci biir xeet bi (misal, *Micropygomyia*, *Nyssomyia*, *Psathyromyia*, ak *Psychodopygus*) [20]. Looloo tax, bu ñu bëggul def analizi molekilëer ci dënn bi, war nañu koo montaass ci anam gu tax du yàqu. War nañu xam ne du doole wirgo yi moo am solo, waaye ni ñu tasaaroo ci dënn bi mooy joxe ay tektal. Looloo tax, prosesus bu leeral bi warula dindi wirgo wi mbaa ni mu tasaaroo.

4.3. Awra yi

Fàww ñu bàyyi xel bu baax ci ni ñu teege awra yi ci góor ñi ak ci jigéen ñi, ndaxte loolu am na solo lool ngir xàmnee xeet yi, xeet yu ndaw yi ak sàq yi. Muy ci góor gi di jigéen gi, ñaari séyu kaay yi, ñaar-ñaar lañu.


4.3.1. Góor yi

Cër yi ñeel wallu séy bi ci biti lañu nekk te ñaari forceps yu ñu boole lañu. Benn bu nekk, ci wetu ginnaawam, am na boolekaayu gonocoxite-gonostyle, te ci wetu kanamam, am na xottu epandrial. Gonostyle bi am na ay degg ak yenn saa yi ay karaw yu gatt, yu war a limu te barab yi ñu soxe ko war a feeñ bu baax. Am na solo ñu seet bu baax gonocoxite bi ci suufam, ndaxte mën na fa am sèxub karaw yu gatt yu ñu samp ci ab giir (= tubercle) [22]. Nit ñi sen xam-xam mattewul lool bu baax ci peess, mën nañoo def montaas bu yomb ci wet gi te duñu dindi awra yi ci catu biir bi (<https://zenodo.org/records/18311158>). Ci noonu, bu ñaari xaaji awra wi tegallo, mën na jafeel waññi, misaal, karawi biir yu gonokosisit bi, waaye yoon wii dafay tax ba duñu yàq céri awra yi su fekkee ne peess mi baaxul. Ñi gën a xarañ mën nañoo jéem a ubbi awra wi ci ñaari xaaj ngir tàqale leen. Ngir def loolu, dañuy dugal ndànk-ndànk wet gu ñu waññi ci pikk (ni pikk bu ñuy defaree ping ci biir der bi), loolu di tax ñu mën a xotti awra yi te duñu leen dagg ba

mu dog, ngir mën a séddale mbooloom gonokokosit-gonostil yi (<https://zenodo.org/records/18311158>). Jubluwaay bii dafay yombal seetlu wàlli biir yi te itam di tax ñu gën a gis paramérs yi ak seeni mbubb, yu dootul tegallo. Ngir samp gu wet gi, gi faral di tax cér yi tegallo, war nañoo leerale royukaay yi bu baax.

4.3.2. Jigéen ñi

Jëmmukaayu séy bi ci biir la nekk te ay spermathek lañu. Ci luddul am peess, war nañu leen seetlu ci biir der bi, ci yékkati biir bi ba mu xëccu ci suuf. Fu mu man a tollu ak jomtukaay bu ñu mana jëfandikoo ngir samp ko, spermathek yi ci seen bopp manees na leen a gis bu baax ci lu ëpp, rawatina su fekkee ne yëngu wuñu te leerul lool. Waaye, gis spermathek yu yëngu te am ay mbar yu sew man na doon jafe-jafe ci ay bërëb yu seen leer néew. Tamit, seetlu cosaanu yooni spermathekeci yi am na solo lool ngir xam xeet wi bu baax, rawatina ci xeeti subgenus *Larroussius* [35, 37, 38], ñoo di nass-kati *Leishmania infantum* yi gën a fës ci Àdduna bu Yàgg ba. Su seetlu googu amul, xaame mbindéef yi mënul nekk. Ngir jáll jafe-jafe yooyu, fàww ñu génne ci biir bi kompleksi furka genital-spermathek bi (<https://zenodo.org/records/18311106>). Ci lu ëpp, jafe na nga seet spermathek yi ci biir peess mi, waaye furka awra bi moom yomb na a gis. Ndaxte yooni spermathek yi ci furka awra bi lañuy ubbeekoo, bu ñu berree furka bi, loolu dafay tax ñu mën a ber itam spermathek yi. Su fekkee ci njuumte dañu dagg spermathek yi ci biir liggéey bi, duñu leen ñakk te mën nañu leen a gis ba tey ci biir deru biir bi (Nataal 4).



Nataal 4: Spermathek yi ñu dagg te samp leen ci ndoxum Marc-André ñu loogge ci ay mbindéef yuy doora dee. A: *Idiophlebotomus longiforceps* (Laos); B: *Sergentomyia minuta* (France); C: *Phlebotomus ariasi* (France); D: *Sergentomyia anodontis* (Laos).

4.4. Peessum baax gi ngir wut *Leishmania*


Peessum baax gi am na solo lool ngir gis ak tàggale *Leishmania* yi ci yull yu jigéeni yi. Doxalin wowu mën nañu ko def ci béréb bi ak ci laboratuwaar bi ngir saytu kàttanu yull yi ci wallu nasee jàngoro ji.

Digle nañu ñu deff liggéey bobu ci jigéen ñi ñu rey léegi. War nañu raxas jigéen ñi ak ndox walla ci ndoxum xorom bu am saabu bu yam ngir dindi karaw yu bare yi. Jéego bii dafay tax ba béréb bi set wecc te du ame ay doomi jangoro, ngir man a génne *Leishmania*, boolle ci di sàmm itam melokaan yi ñu soxla ngir xàmme ko. Ngir gis te ber *Leishmania*, fàww ñu génne biir bu diggu gi ci anam yu ñaw

te def ko ci benn ndox mu sell (0.9% NaCl). Ginnaaw bi ñu seetaanee saan yi (doomi jangoro yi) ñu yangu yi ci biir mikroskop optik (magnifisikasyon bu ñu digle: ~200×), dañu leen di jël yóbbu ci benn béréb, suxat leen, jëfandikoo pistolet insulin walla mikropipet (ngir gën a xam, seetal xaaj wala dog 4.4.3).

Bopp bi ak awra yi war nañu leen samp ci ndoxum Marc-André mi ngir ñu leer. Lu am solo : Ndoxum Marc-André bi warul laal *Leishmania* yi mukk, ci ben anam, jaare ko ci juntucaay mbaa pikkür, ndaxte dafay rey saan yi.

Peessum jigéen ñi, mën nañu ko def ci benn laam walla ci ñaari laam yu wuute; ñaari tannéeef yépp am nañu seeni njariñ ak seeni àtte (Nataal 5; <https://zenodo.org/records/18311154>).



Nataal 5: Pexe ngir ber *Leishmania* yi.

4.4.1. Jaffandikok ñaari laam

Tanneef bu njëkk bi mooy liggéey ci ñaari laam yu wuute: benn bi am ndoxum xorom bu set ngir génne baax gi, beneen bi ngir samp bopp bi ak spermathek yi ci ndoxum Marc-André. Waaye, ci barabi liggéeyukaay yi, lu yàgg la ñu gis ñaar walla ñetti nit ñuy feess ba noppi yónnee seeni waajtaay benn boroom xam-xam rekk, bu sasso ranee xet wi bu wóor, ak bolle saytu doomi jangoroy *Leishmania* yi ci

biir baxx gi. Yora ndo ñaari laam yooyu mën na indi ay jafe-jafe ci topptoo nattukaay yi, rawatina, mën na tax mu jafe lool ñu mën a wëral ne kenn ku nekk moo am doomi jangoro ji, su ñu gisee ne am na *Leishmania* ci baxx gi (<https://zenodo.org/records/18311154>).

4.4.2. Jaffandiko ben lam

Jëfandikoo benn laam dafay tax ñu gën a mën a topp li ci génn, waaye dafa laaj ay matuwaay yu bare. Ngir gën a setal ci jéego bii, ñiy liggéey war nañoo setal seeni yoxo saa su nekk ak ndoxum alkoll. Laam yu ñu namul ak laam ci you am ñenti kogn (yu kaare) (22 × 22 mm), yu ñu laxass ci alimiñom te sellal ak tangoor wu wow (ci furno bu melni bu Poupinel), lañu war a jëfandikoo, ak itam pikiir yu set ngir peess mu nekk (xalaat: 25G Ø 0.5 mm × 16 mm). Ñu teg yuul wi ci biir tuuti ndoxum xorom bu set ci diggu laam bi. Dañuy dagg bopp bi, dagg itam ci diggante juróom-bennéel ak juróom-ñaareelu tergite ak sternite yu biir bi, waaye duñu dagg mbax mi (man naño dagg fu gën a jege kanam su fekkee dañuy xaar ay spermathek yu gudd lool). Gannaaw loolu, dañuy sampale deun bi ak ab pikkür, te di xëcc ak ndank tenxo yu mujj yi ci biir bi ak beneen pikkür ngir génne bax gi ak buttit yi. Su loolu jállul, mën nañu sampale buntub biir bi ak pikkür te xëcc biir bi mu juge ci kanam.

Su jéem gii tamit jállul, fäww ñu génne mbax mi ak buttit yi, ci dindi lu bare ci der bu ko wër bi des, li ñu mën. Bu ñu génnee mbax mi ak buttit yi ba noppi, fäww ñu dagg ko ngir xàjjale xaaj yu mujj yu biir bi. Gannaaw loolu, dañuy teg mbax mi ak buttit yi ci beneen bóllu ndoxum xorom bu set ci benn wetu laam bi, te muur ko ak muurukaay bu tuuti bu weex (Ø 12 mm) te bañ koo jaawale. Bopp bi ak pàcc yu mujj yi ci biir bi, dañu leen di yóbbu ci bóllu ndoxum Marc-André bu tuuti bu ñu teg ci beneen wetu laam bi, di moytu bu baax ba duñu laal *Leishmania* bi. Bopp bi dañu koy jubal bu baax (xuru ginnaaw gi jëm kaw), te ñu ber spermathek yi ak furca awra bi ni ñu ko waxe ci kaw, soog ko muur ak benn muurukaay bu ndaw bu wert (Ø 12 mm, buñu ko jaawaleek muurukaay yu kaare yu set yi). Desitu néewu yuul wi ak laaf yi dañuy des ci biir tuuti ndoxum xorom ci diggu laam bi (<https://zenodo.org/records/18311154>). Su fekkee am na njariñ, walla ngir gëstub xajale xeet, mën nañu sàmm dënn bi ak biir bi ngir ay gëstu molekilëer walla proteomik, te laaf yi mën nañu leen samp ci biir ndox. Ngir wóoral ne li ñu samp du yàqu, mën nañu wuutu ndoxum Marc-André bi ëpp ak beneen jomtukaay bu ndox bu ñuy sampee, lu melni chloral gum (= jomtukaayu Hoyer) walla beneen jomtukaay bu ñu defaree ak polyvinyl alcohol.

Am na ay video yuy leerale bu baax doxalin yooyu (peessum baxug yull yi: <https://zenodo.org/records/18303014> ak peessum poftanum teflitt yi: <https://zenodo.org/records/18302850>), moo tax duñu ko fi leerale bu baax.

4.4.3. Tàggale ak suxatt *Leishmania* yi ci mbax mi ak buttit yi

Tàggale saan yi ci jigéen yu ñu feess yi te ñu yanu jangoro ji, liggéey bu jaffè la bu laaj xam-xam bu wër, te war nañu ko jëkk a jéem ci ay mbindéef yu amul saan.

Ginnaaw bi ñu ko ubbee, dañuy jël mbax mi ak buttit yi teg ko ci benn pott bu bees bu am ndoxum xorom bu set (0.9%) walla ndoxum Locke ngir raxas ko [4]. Gannaaw loolu, manees na saytu butit yu ñu ubbi yi ci ñaari anam: i) seetlu leen ci biir mikroskob ngir gis tolluwaay yu wuute yu promastigot *Leishmania* yi ak fan lañu nekk, te bàyyi xel bu baax ci supap stomodeaal bi; ii) ubbi leen ngir yombal génnug promastigot yi ak seenug suxat ñoom ñiepp [4]. Ndaxte gis yull yu am jàngoro boo nekke ci aal bi lu jafe la, njàngale ak naffar bu dëgër mooy yokk bu baax ñaw gi ngir man leen a ber.

Soo gisee *Leishmania* ci biir mbax mi ak buttit yi, war naño jëfandikoo pikk yu bees yu set te yokk ci tuuti ndoxum xorom, ci wetu weer bi ngir mu xóot te génne leen. War nañu xotti mbax mi ak buttit yi ci anam yu sell te gaaw ngir génne saan yi ci biir saabu saline bi. Ci jëfandikoo benn mikropipet (as mucckaay) bu 100 µL walla pingub tuberkulin, dañuy dajale parasit yi, teg leen ci benn barab, buñu bind turam bu leer, suxat leen.

Suuxat promastigot yu *Leishmania* in vitro : parasit yi ñu tànn, ci njëlbeén gi dañu leen di sàmm ci derett SNB-agar walla ci melokann bu dëgër bu Novy, McNeal, Nicolle (NNN) [16], ñu muur ko ak media alpha-MEM bu set [16, 65] walla media M199, bu nekk ñu yokk ci 10% serum fetal bu set te ñu rey tangooram (FCS), 1% witamin BME, 2% sawum nit mu set (buñu setal ci segukaay Filtropur® S 0.2 µm), ak 250 µg/mL amikacin (walla 50 µg/mL gentamisin, walla njaxasug antibiyotik ak asid amine (L-glutamine 200 mM, penisilin 10,000 U, streptomisin 10 mg/mL)) [47]. Ginnaaw ñetti fan, su amul benn suub, dañuy jaxase kiltir yi ci benn suuxat bu baax ngir seddal te denc ko ci -80°C diirub benn ba ñaari at, walla ci nitrojen bu -196°C ngir denc ko lu yàgg te jëfandikoo ko ci ay nattukaay yu ñëw [7].

4.5. Poftani tiftit yi

Pessum poftani tiftit yi ab xarala la bu am solo ngir jàng ni jàngoro ak li koy yóbbu di jokkoo, rawatina ngir gis ay arbovirus yu melni *Phlebovirus* yi (misal, virus Toscana) [44, 75]. Yuul yi senub dayoo dafa tuutii lool, ba waral senub liggéey laaj ñu def ko ak yëg-yëg, akug xarala ci ron mikroskoop stereoskopik, di jëfandikoo pik yu ñaw ak pusso yu sew, ngir man a ber poftani tiftit yi, te ban leena tocc wala ñu leen di taxal leneen (<https://zenodo.org/records/18302850>) [51, 61]. Sàmm poftani tiftit yi am na solo lool ngir wóoral wóorug saytu molekil yu ci topp yi. Buñu leen génnee ba noppi, mën nañu leen boole (diaxassee len) te saytu leen ak RT-PCR, qPCR walla saytu immunoloji ngir gis ARN bu wiris bi, walla ay antijèn [12]. Fesug wiris bi ci poftani tiftit yi, te du rekk ci mbax mi ak buttit yi, dafay firndeel ne domu jangoroji mattal na ak maggam, ba nope man na loor mbidaafan guinaw bu yuul wi maatte mbindeff wala nitt ngir naan dereet [71].

Doxalinu peess mi bi dafa jafe ci wàllu xarala ndaxte yuul yi dañu tuuti, te dafa laaj xam-xam bu takku ngir bañ mu yaqu [1, 51]. Ci topp, limu wiris bi mën naa neew, loolu tax ñu war a jëfandikoo ay fanna yu gën a ñaw ngir gis ko, niki nested PCR walla high-throughput sequencing [54]. Xeeti loru ci walle yi tamit ñoo gën a dëgëral soxla bi am ci jëfandikoo ay xarala yu set wecc. Lu weesu jafe-jafey xarala yi, am na ay mbir yu aju ci wàllu dundin yu am solo ci ndamul gis gi: kàttanu yebbi-jangoro ji dafay wuutte ci xeet yi, te tolluwaayu eumb jangoro ji day soppiku ci ni àll bi mel ak jamono ji [33, 61].

Gis wiris yi ci poftani tiffitt yi dafay joxe ay xibaar yu am solo ci xeeti loru yi ci wàllante bi te di tax ñu mën a taxawal ay matuwaay yu jublu ci saytu ak aar [15]. Ci misaal, bi ñu xamee wirisu Toscana ci yuul yi ci gox yi muy faral di am, loolu jàppale na ci sosug ay day (protokol) yu ñuy seetee ak ay digle ci wàllu wergu-yaramu askan wi [18]. Bole ci loolu, jàng jëflante bi am ci diggante wiris yi ak poftani tiffitt yi di mën na feeñal ay jubluwaay yu bees ngir defar ay saafara walla ay feemi faj yu tax ñu mën a gantal wallante gi [15, 18].

Poftani tiffitt yi mën nañu leen jëfandikoo itam niki ab cëslaayu antigen ngir natt, jaare ko ci ay fannay immunoloji, rawatina ELISA, antikor yu mbindéef mi di am te jëm ci ndoxum gémmiñu yull yi. Jubluwaay bii dafay tax ñu mën a xam ndax mbindéef yi mucc na ci jangoroy yull yi, te di jàppale ci natt ni xeeti xeex yi ñuy jëfandikoo ngir aaru ci mat matub gunoor yi [25], ak itam xeet looru bi am ci wallug *Leishmania* [40].

4.6. Xamme jan deret la yuul wi naan

Jigéen ñi ñu jàpp, war nañu leen ubbi ak juntuukaay yu ñu jëfandikoo benn yoon rekk, ngir bañ am jaxasoo ci doomi jangoro yi. Seen biir war nañu ko seet ci biir mikroskoop bu am ñaari gët ngir xam ndax deret ji ñu naan mingi reess ak fumu tollu. Li ñu digle mooy ñu tànn rekk jigéen ñi am biir bu xonq, xonq-kaani walla xonq bu dëgër, te amul benn firnde bu wone ne ñu ngi def ay nen. Cattu biir bi, ak spermathek yi, war nañu ko dindi ngir man a xàmmee jigéen ji ci melokaanam ginnaaw bu ñu ko setalee. Li ëpp ci biir bi (bu ñu ci boolewul spermathek yi) dañu koy def ci ay tiyo Eppendorf® te denc ko ci -20°C ba keroog ñu koy gëstuwaat.

Mandargay ndono yi (Markër jéneetik yi) ñu faral di jëfandikoo ngir xàmmee lekkug deret, niki PNOC [5, 30, 50], CytB [67] walla COI [13], xam nañu leen bu baax te leeral nañu leen bu yaatu ci téere yi; moo tax, duñu ci gën a yaatala wax ci jukki bii (Nataal 6). Walla, mën nañu


xàmmee dereeti rab wimu matt, jaare ko ci mapping peptide bu MALDI-ToF [31]. Ci genen fana, wone nañu ne xarala bii dafay tax ñu mën a xàmmee dereeti rab wimu matt ci diir bu gën a yàgg ginnaaw bi mu naanee dereet; looloo tax mu nekk xarala bu ñu gën a taamu, rawatina ngir saytu jigéen ñi fees dell ak dereet te seen reessalum dereet gën a fës. Li gën mooy ñu denc ay yuul ci -20°C walla -4°C, waaye mën nañu am itam ay njëriñ yu baax ci ay yuul yu ñu denc ci tangaayu néeg bi ab diir bu gätt. Biirub jigéen ju feess lool ji, war nañu ko taaxale ak yeneen cér yi ci lu jittu saytu bi, te buñu ko defee, ñu jaxase ko ci ndox mu ñu setal. Yeneen cér yi ci yaramu mbindafan mi mën nañu leen jëfandikoo ngir yeneen saytu yu jëm ci melokaanam ak ci wàllu molekilër. Gannaaw bu ñu jëlee benn xaaj ci li ñu boole woon ngir seetlu peptid yi ak MALDI-ToF, li ci des ci sampal bi mën nañu koo jëfandikoo ngir génne ADN bi, ngir wóoral xam-xamu dereeti rab wimu matt walla ngir seet ndax am na *Leishmania*. Waxtu yi muy jël ngir waajal ak seetlu sampal bi gätt na lool suñu ko méngalee ak xarala yu molekër yu sukkandiku ci ADN.

5. Waajal yuul yi ngir saytu seen melokaan (Nataal 3, 6, 7 ak 8; Téerey yokkute 1, 2, 3 ak 4)

Xët wii dafay wone ponk yu mag yi ngir waajal yuul yi ngir montaas, rawatina ngir gëstu yu jëm ci melokaan, ak itam ni ñu ko mēnee jëfandikoo ci yeneen anam yu weesu gëstu yooyu. Waaye, xam doxalin wii am na solo lool, ndaxte dafay tax ñu mën a dëppale doxalin yi ak xeeti nattukaay yi su soxlawoon.

Jëflante bi dafa sukkandiku ci ay jéego yu bare yu ñuy tuure ak di feesal, te loolu ñu koy defee ak ay muccukaay (pipet) Pasteur yu am poñu kawssu yu nooy. Dañoo digle bu baax jëfandikoo ay bool yu ñu defaree weer te am suuf gu weurungeul, ndaxte loolu dafay yombal lool jëflante yooyu. Weer bi du laal benn cafka bi ñuy jëfandikoo te looloo tax mu wóoral ne dina ànd bu baax ak jëniy simi yépp. Ngir wàññi naawuk jëniy simi yi, war nañu muur ay boyet te bañ leen a feesal ba lool, loolu dina tax du sottiku suñu leen ubbee walla suñu leen tējee, te itam dina tax pënd du dal ci santiyong yi.

Jëniy simi yi ñu soxla ngir jéego yu leeral ak yu waajjal, ñoo ngi leen lim ci Allouwa 2.



Nataal 6: Waajal yuul yi ngir jëfandikoo len ci bioloji molekilëer, proteomik ak/walla wiroloji.

Allouwa 2: Mbir yi dajje ci jëniy simi

Hydroxyd potassium 10 %

Hydroxyd potassium 10g
Ndox mu ñu segg *qsp* 100 mL

Wër-Wëntu bi ñuy sampe ak gomme chloral (Wër-Wëntu bu Hoyer)

Ndox mu ñu segg 50 mL
Hydrat chloral 200 g
Daakande 50 g
Glycérol 20 mL

Ndoxum Marc-André

Hydrat chloral 40 g
Acid acétik bu sedd lool 30 mL
Ndox mu ñu segg 30 mL

Fuchsin acide 1% ci ndox mu ñu segg


Fuchsin acide (sunguf) 1 g
Ndox mu ñu segg 99 mL

Ndoxum Marc-André munu suub ak fuchsin bu acid

Ndoxum Marc-André 10mL
Fuchsin 1 % 50 µL

Milieu Enecê

Colophan bu weex te raxul 22 g
Gomm copal buy diigg ci alkool 12 g
Éthanol bu ken raxul 20 mL
Camphr 10 g
Essenss térébenthin 10 mL
Eucalyptol 26 mL



Nataal 7: Pexe bu ñu baaxoo jëfandikoo ngir waajal yuul yi.

5.1. Leeral

Bala ñoo man a waajal yuul yi ci ay laam ak laam ci yu sax, fàww ñu jëkk leen a leeral ci soop lenn ci ndoxum weexal bu baax (misal, diggante 10% acetic acid solution walla diggante Marc-André bi am chloral hydrate, di benn mbir bu ñu saytu ci réew yu bare), ngir leeralaat. Mbir mi leen setal dafay dindi suuxi yaram wi, diwgi, ay niaxi (sékreسیون) sir yi, di tax yuul wi leer te day yombal seetlu mbir yi nekk ci biti yaram bi (misal, fa karaw yi soxe ko), melokaanu kaw gi (wirgo yi, melo) ak melokaanu biir gi ñu gis ci der bi (ni melni, spermathek).

Yoonu leeral bi ci ñaari jéego, bi nga xam ne dañuy jëkk jëfandikoo lu wex lu am doole (ni melni potassium hydroxide), teg ci gannaawam lu wex lu doyadi (ni melni acetic acid bi nekk ci saafara Marc-André), am na ay njariñ yu wuute ci wàllu biosimi [74]. Bàas bi mooy tax suux yu nooy yi di yàqu, bokk na ci poroteyin yi, diwlin yi ak sidit yi, loolu di jaar ci saponifikasioŋ ak dénaturasioŋ poroteyin, te di bàyyi deeru biti bi, lolu moo tax melokaanu mbideeff mi leer bu baax and ak defaruk kitin bi. Asid bu doyadi bi mooy luggu desiit yu alkalin yi, di tere yeneen yàqu-yàqu, te di jàppale ci weexalu kitin bi ngir mu gën a leer [74]. War nañu xam ne ñaari raxas yu toppante yu 15 simili ci ndox

mu ñu segg (distile) mën na doy itam ngir luggu baas bi. Toppato gii di toppante dafay boole dindi suux yi ci anam gu jàppandi ak sàmm melokaan yi ci anam gu dal, loolu di tax nattukaay bi des di wér ngir ñu mën koo seetlu bu baax ci mikroskoop.

Ñu ngi digle ñu raxas ko ñaari yoon, bu nekk 20 simili, ci ndox mu ñu seeg laata ñuy dem ci jéego bi ci topp.

5.1.1. Yàqug suux yu nooy yi (Nataal 8)

Sodium hydroxide (NaOH) walla potassium hydroxide (KOH) lañu faral di jëfandikoo niki ay jëniy simi yuñuy boolee, ci ay tolluwaay ak diir yu wuute, te loolu day aju ci réyaay ak nooyug yuul yi. Jubluwaay bi gën a siiw te gën a jàppandi mooy ñoruk suux yu nooy yi ci diggal mbindeff yi ci biir luur bu dëgër (10% KOH walla NaOH) guddi gi yépp. Mën nañu yokk dooley bi ngir wàññi diirub waajal bi (misal: 20% KOH ci diirub 6 waxtu), te mën nañu ko boole ak tângal ba mu àgg 37°C.

5.1.2. Weexal ak suub walla ñaka suub

Jéego bii, dañu ciy toftal weexal, li ci ëpp dañ koy defaree boole asid asetig ak kloral idraat (misal: solisiyon Marc-André). Ginnaaw weexal gi, war nañu raxas yull yi bu baax ci ñaari cangàay yu toftaloo ndox mu ñu segg yu toftaloo, bu nekk 20 simili, ngir dindi lépp lu des ci ay jëniy simi. Saafara Marc-André, ab jumtukaay la bu ñu bare di jëfandikoo ngir leeral yull yi. Li tax mu am njariñ mooy mën na leeral ay royukaay te du yàq lu bari ay melokaan yu doyadi, melni laaf yi ak niox yi.

Fàww ñu waajal saafara si léegi walla ñu denc ko ci lu tēju bu baax ngir mu bañ a wow walla mu yàqu. Jëfandikoo saabu Marc-André bi am na ay njariñ yu réy rawatina suñu ko boolee ak yeneen xarala yu leeral walla yu rédd ngir gën a feeñal yenn melokaanu yaram yi. Leral yu mat ci limu dajjale ci jëniy simi ak ni ñu koy waajalee, ñu ngi ko fësäl ci Téereb yokkute 2.

Ngir ay mbir yu leer lool, man na laaj ñu suub leen ngir gën a feeñ laata ñu leen di samp. Am na ay tàkkukaay yu bare yu am, te bu nekk jëm ci ay cér yu ñu xam ci wàllu simi ci biir mbindeef mi. Am na solo lool ñu tànn tàkkukaay bu dëppoo ak yuul wi ak itam ak li ñu ko bëgg taqal. Man nañoo soppo doxalin wu jëkk wii, misaal, ci boole ci saafara Marc-André bi 0.1% ci fuchsine bu aseedi ngir am tàkkukaay. Ginnaaw loolu, ay mbideeff yu ñu denc ci ay dencukaay yu ndox te bëgg leen a montaass ci ay dencukaay yu resin, dafa laaj ñu wowal leen bu njëkk (seetal xaaj 5.2), ndaxte li ëpp ci dencukaay yu resin yu naturel walla yu synthétik duñu ànd ak ndox. New (1974) xamle na ne am na ay tàkkukaay yuy man a yàqu ci yenn dencukaay yu resin yi [53].

Ci misaal, fuchsine bu asid, bi ñu faral di jëfandikoo ak Canada balsam, mën nañu koo fiksé itam ci Euparal®. Waaye, mbideeff yi ñu suub ak fuchsine bu asid, dañuy faral di soppiku ci seen melo ndànk-ndànk, rawatina su desit yu

diwlinu girofle, bi ñu jëfandikoo ngir leeral ko ci mujj gi, desee. Misal yi ñu denc ci diwlinu giwlet mën nañoo soppiku wirgo bu baax ci diirub ay fan yu néew.

5.2. Genne ndox mi

Wàññi ndox mi, dañu koy defee ci diggal mbindéef yi ci ay safara yu etanol yu seen konsantrasyon di gën a yokku: 50%, 70%, 80%, 90% walla 95%, ba noppi 100%, te safara bu nekk war na yàgg lu tollu ci 20 simili. Ndaxte etanol dafa gaaw a naaw, war nañu tēj bu baax pot yu ñu koy defaree diirub waajal gi. Bu mbindéef mi wovee ba noppi, mën nañu taxawal liggéey bi ay fan, bàyyi ko ci biir essence Euparal®, loolu moo gën diwlinu girofle. Creosote bu Hetre, bi ñu daan jëfandikoo bu baax ngir lii, léegi tere nañu ko tere bu wér ndaxte dafa am tooke.

Jëfu wowal gi war na wóoral ne ndox mi nekk ci biir mbindéef bi mën na ànd ak jumtukaayu samp bi, ngir moytu mu lëndëm, mu yàqu ci biir, walla mu soppiku, loolu lépp di lu mēna tax mbindéef mi du baax ngir jàngale taxonomi di rañee ci biiru xeet.

5.3. Jumtukaay yu ñuy sampee

5.3.1. Tànn ak jëfandikoo ngir waajal mbindéef

Li ñuy sampe war na am, ci li gën, ab indisu refraksiyon bu jege lool bu weer, maanaam lu tollu ci 1.5. War na nekk lu amul wirgo, lu leer te des di leer nàññ bu wovee ak lumu yaag yaag. War na mën a ànd ak suub yi ñuy jëfandikoo te mën a dugg te tasaaroo ci biir suuxu mbindéef bi. Warula gaawa wow lool walla mu defar ab lëndëm ci biir montaas bi, te warul wàññeeeku ginnaaw bi ñu ko teggee. Tànn ab jumtukaay bu baax ngir montaas am na solo lool ci waajal mbindéef bi, ndaxte amul benn jumtukaay bu mat sëkk ngir jëfandikoo yépp. Tanneef bi dafa war a doon ab déggoo ci diggante ay mbir yu am solo yu bare:

- Jikko yu aju ci gis-gis. Indis de réfraksiyon bu medium bu ñu samp bi war na joxe kontras ak réfraksiyon yu doy ngir man a seetlu ay melokaanu yaram yu am solo yu ñuy jëfandikoo ngir xàmme xeeetu rab wi walla ngir melokaanam, niki spermathek, ascoids, ak deggi Newstead, ay bëñi cibarium yu taxaw ak ay bëñi pharyngsa. Gisug melokaan yooyu dafa aju ci ni medium bu ñu samp bi di leen wonee.

- Denc. Ngir ay royukaay yu ñu ràññee walla ay jumtukaay yu ñu bëgg denc ba fàww, li ñu leen di dencale war na tax ñu sax te bañ a yàqu ci diir bu yàgg. Waaye, ngir ay jàngat yu ñuy def ci lim walla ay seetlu ci wallu jangoro, foofu denc bu yàgg amul solo lool, ay jumtukaay yu ñuy takk yu diir bu gàtt walla yu diir bu gudd tuuti mën na doy.

5.3.2. Warrefi jumtukaay yu ñuy sampee

Boroom xam-xam yi faral nañoo sos seeni xarala yu ñu leen jagleel, te yenn saa yi jafe, ngir mu dëppoo ak seeni jubluwaayi gëstu. Waaye, xarala yooyu lu ci ëpp duñu bàyyi

xel ci ay mbir yu melni baax gi mu war a am ngir man koo denc lu yàgg, ni xarala yi di àndante, ni ñu ko war a defe ci anam gu ñépp bokk, ni mu yomb a jéfandikoo, walla denc gi ci diir bu gudd. Ñàkk gi am ci anam gu ñépp bokk gi dafay jafeel boole ay mbooloom jomtukaay ak jéego yi ñuy def ngir denc ko lu yàgg.

Jéfandikoo yu xam-xam yi dañuy laaj ay jomtukaay yu wuute ngir samp. Rañnee kat yi, lu ci ëpp, dañuy samp ay royukaay yu mat sèkk te di tànn jomtukaay yu mën a yàq tuuti ay cér yu biir ngir gën a feeñal melokaanu der bu ñu éci bi. Dooley réfracsyoŋ bi dafa wara wuute bu baax ak bu mbindéef mi ak bu laam bi ngir gën a leer nàññ. Li ñuy jaay ciy jomtukaay ngir taakal, li ci ëpp dañu leen defaree ak dooley réfracsyoŋ bu jege bu weer ngir wàññi réfracsyoŋ bi ak tasaarog leer gi ci biir laam bi-ak ndoxu montass bi. Waaye, ci mikroskoop bu leer (naañ ba yaatu), wuute gu cosaanu gu ab mbindéef bu ñu subul mën nañu koo soppi su ñu tannée ci anam gu ñu xalaat ab jomtukaayu takk bu am ab indisu refracsyoŋ bu wuute tuuti ak bu mbindéef bi, loolu di gën a yokk ni mu feeñee ci gannaaw.

5.3.3. Xeeti jomtukaay yu ñuy sampe (Allouwa 3 ak 4)

Ci mikroskoop, indisu reysioŋ (RI) bu jomtukaay bu ñuy taqale bi mooy dogal naka la leer giy jaar ci biir laam, jomtukaay bi ak mbindéef bi. Su RI bi jegee bu baax bu weeru kaw bi (≈ 1.515), leer gi day jaar ci boolee seen ci anam bu yomb, loolu day wàññi tasaaroo gi ak yàqu-yàqu yu leer gi, tey gën a baaxal resolusioŋ bi ak feeñug melokaan yu sew yi. Ci geneen wàll, su indisu reflesioŋ yi dëppowul, mën na jur ak lëndëm, ay leer-leer ci wet, walla mu nèbb melokaan yi ñu subul. Tànn jomtukaayu samp bu baax bi am na solo lool ngir gën a baaxal wuute gi, leer gi ak baaxug nataal bi ci jëmm ji ñu jël, ndaxte indisu refracsioŋ yu wuute yi ci jomtukaay yu wuute yi.

Indisu refracsioŋ bu jomtukaayu samp bi am na solo lool ci ni ñu man a gisee melokaan yu ñaw yi su ñuy waajal yuul yi ngir samp leen ci laam. Jëmm yu ñaw te dëgëru bu baax yu yuul yi, niki teginu cibarium bi, spermathecae, xaaj-xaaji niox yi ak sidit yu laaf yi, mën na jafe lool ñu gis leen ci jomtukaay yu ñu sampale yu am indisu refracsioŋ bu kawee.

Allouwa 3: Ay tannée ci liy and ci jomtukaay yu ñuy sampe

Mediumi sampyi	Liy diiggal	Pré-polymère(s) polymère(s) potentiel(s)	ou	Taxaw seetlu
Hoyer = gomm chloral	glycérol, ndox	Ndaakande lañu ko defare		Day diiggal : hydrat chloral
CMCP-9 (= carboxyméthyl-cellulose phénol)	Ndox (CMCP-9: 51–60%)	alkol polyvinyl buñu tooyal leep (CMCP-9: 0–5%)		CMCP-9: farul lool: Far lool
DMHF (diméthyl-hydantoïne-formaldéhyde)	Ndox	N,N'-diméthylol-diméthyl-hydantoïne (di-méthylol DMH) Oligomères pontés par éther/méthylène		
Baume Canada	xylène; wër-wëntu yu gaawa naaw cig wet (Δ^3 -carène, acide lévopimarique, limonène, myrcène, acide palustrique, β -phéllandrène, α -pinène, β -pinène)	baum (abiénoł, acide abiétique, acide isopimarique, acide sandaracopimarique)		neutralisation : carbonate potassium ; résine bu bayiko ci <i>Abies balsamea</i> (Linné, 1758)
Euparal®	eucalyptol, paraldéhyde ; wër-wëntu yu gaawa naaw cig wet gomm sandarak (limonène, α -pinène, β -pinène)	Boole (acide communic, manool, acide polycommunique, acide sandaracopimarik, acide 12-acétoxy-sandaracopimarik, sugiol, acide torulosik, torulosol, totarol)		Day leeral : salicylate de méthyle ; wirgo bu Euparal® wert : xoromass cuivre (abiétinate de cuivre) ; résine de sandarak bu bayiko ci <i>Tetraclinis articulata</i> (Vahl, 1791)
Enecê	alkol éthyl, ak camphr, essensou xotu boutel ak térébenthine	Boole gomme copal ak colophane (résine)		

Bo dieule yuul yi, jumptukaay yi ñu gën a jëfandikoo ñooy: gomu kloral ni jumptukaay bu am ndox, ak itam baal sam bu Kanada ak reesin bu Enecê-Nelson Cerqueira (NC) ni jumptukaay yu am ndox. Rawlins [60] séddale na jumptukaay yu ñuy sampe ci ñaari xeet: (1) yu sax yi, yi di gën a dëgër ak jamono te baax ngir denc gu yàgg, ak (2) yu wékk-sax yi, yi dëgëruul ba pare te ñu leen di gën a jëfandikoo ngir lu jàppandi.

Li ñuy sampe mën naa nekk lu ndoxe, lu ñu defaree gom walla reesin, te mu man a saw ci ndox, alkol walla yeneen sawukaay (misal: toluen walla xilen) (Alluwa 3). Ginnaaw buñu leen jëfandikoo, fàww ñu aar leen ci luy jaar ci jawwu ji, jëfandikoo werniis yu ñuy teje yu dul saw. Ngir man a ràññee bu baax xeeti jumptukaay yu ñuy sampe yi, manees na jëfandikoo raññale gii ci gi toppante:

a. Jumptukaay yu am ndox. Jumptukaay yooyu dañuy saw ci ndox ci lu yomb, looloo tax ñu baax ci samp yu diir bu gätt walla yu diir bu yem. Ci lu ëpp, yomb naño jëfandikoo waaye man na laaj ñu muur leen ngir bañ ñu jækkaarlook tooy-tooyu jawwu ji (maanaam, jumptukaay yu

ñu defaree gum chloral ak polyvinyl alcohol), rawatina ci gox yu tàng te tooy.

b. Ay jumptukaay yu nangu ndox tuuti. Jumptukaay yii, ndox du leen yàq bu baax, waaye fàww ñu aar leen ci tooy-tooy bu ëpp. Daño gën a sax ci lu yàgg bo len tëkëlee ak yu mën a saw ci ndox te ñu ngi leen di faral di jëfandikoo ngir montaass yu dul yàgg lool.

c. Wër-Wëntu yu man a saw ci idrokarbiir. Wër-Wëntu yooyu, ci ay sawukaay organik lañu leen di sawale, lu melni xylene, toluene walla enecê. Defar nañu leen ngir takk (samp) gu sax te am nañu taxawaay bu baax ci diir bu yàgg. Daño mën a dëkku tooy ak yàqu, looloo tax ñu baax lool ngir denc (maanaam, Canada balsam bu digg-dóomu).

Ngir tënk, Wër-Wëntu yu ndox mën a saw lañu gën a jëfandikoo ngir takk yu diir bu gätt walla ci anam yu laaj ñu mën a jële mbindéef mi ci lu yomb; Materiyo yi nga xam ne duñu mēna muñ ndox lu bare, baax nañu ngir montaas yu sax tuuti te soxla ag dëgër gu digg-dóomu; mujjantal, materiyo yi mēna saw ci idrokarbiir ñoo gën a baax ngir montaas yu sax dakk te ñu leen bëgg a denc ci Kaggu yi dirub lu yàgg.

Alluwa 4: Njariñ yi ak ñakk-njariñ yi ci yenn jumptukaay yu ñuy taqale ngir waajal mikroskoop, ci gëstuy ay boroom xam-xam yu bare yu ñu siwalul [52].

Tur	Njariñ	Jafe-jafe
* Baume bu Canada	Wër-wëntu buy yàg, ag yaggayam man na romb 150 at. Laam yi man nañu leena samp ginaaw ak leeral ci essensu Xorom poole wala phenol.	Èmb na ay jëniy simi yu lambo tooke, mën nañu leen jëfandikoo ci suufu hotte. Dafay soxla ñakk am ndox mu mat sëkk, diir bu yàgg. Dindim ndox mi ak etanol, tek ci toxal gi ci xylene wala diwu xorom polle mën na tax yenn mbindéef yi woyof lool bag awa yàqu, yeneen suumb (isopropanol, n-butanol, cellosolve TM , 1,4-dioxane, histoclear, terpeneol) mën nañu wàññi yàqu-yàqu bi. Yen mbindéef yi mën nañu ñuul sudee ñu dañu wecci xylene ak phenol wala sudee KOH dessandi na ci. Index refractif bu yéeg bi mën na lëndëmloo mandargo bu amul suub. Mën nañu ko weer bamu woow ci dirub ay at yu bari, te du ñu am plaat bu tàng. Dafay mboq ndànk ba noppi ñuul, rawatina ginaaw buñu ko raxasee ak diwu xorom polle. Yenn suub yi dañuy yàqu; suubi cation yi mën nañu furi sudee wër-wëntu dafay asid ci kanam.

DMHF (diméthyl- hydantoïne-formaldéhyde)	Leer gu rëy. Index de refractionj bu baax. Gis-gis bu baax ci melokaan yi. waajal gu tanne. Dafay méngoo ak pexey suub yu bari. Aar mbindéef bu baax. Ñaap gu baax ci digganté laam ak laam ci.	Mën na mboq ci dirub jamono. Mën na soppi yenn cuub yi. Du méngoo ak tinte yiy gaawa jël formaldehyde. Ay mbuussi ngelaw yu bari di forme, di wow ndànk. Medium bu samp bu gawa jël toy toy. Samp bu jafee delloosi la. Formaldehyde daa am tooke, dafay indi xasan xasan ci nit, te mën na indi cancer.
* Euparal (leer)	Medium buy yàgg te mēna dundu lu ëpp 50 at. Mën nañu ko samp ci etanol 80% (li defarkat bi digale). Du lëndēm jëmmal bu amul melo te du mboq wala mu dagg ci lu yàgg. Index de refractionj moo gēna baax bu balsam Canada ci Jēmi gunoor yi am ñiari laaf. Jeggo bu baax ak mbindéef yu tal ti (du fat leer, mbussi ngelaw yu néew). Dafay diig ci 95% ci etanol, suko defee ñu mēna ko sampt ginaaw ay at yu bari.	Dafa am ay mbir yu am tooke kon dañuko wara jëfandikoo ci suufu hotte. Dindim ndox mi ak etanol , tek ci toxal ci essence Euparal® mën na néewal doole yenn mbindéef; isopropanol mën na wāññi jafe-jafe yii.
Ndoxum Hoyer	Mbindéef yi manes na leen a samp ci lu gaaw wala nu jële len ci ndox, etanol wala formaldehyde Diggal buy lissal dafay defar deer bu baax. Index refractif bu baax, buñu mēna yokk ci cuusug iod. Asid asetik mën na yokk yaatuwaayu ceeri gunoor yi. Yenn xeetu mbindéef yi mën nañu leen a jëfandikoo ci 40 ba 60 at. Dafay diig ci ndox, yombal samp ak sampaat.	Gañcax gu woyof gi mën nañu daanu sudee duñu si fekke ne yokk bi demul ndànk-ndànk. Lu melni ay pax aki peer mën nañ feeñ ci diir bu yess 10 at. Diggal buy lissal bu ëpp mën na am mingi aju ci bariwaayu hydrate chloral bi ak diir bi ñu koy tëye. Tàqaloog jëniy simi yi ak feeñug doom yu woyof ci diirub jamono. Amna ay yoon yu medium bi dafay lëndēm.
CMCP-9 (= carboxyméthyl-cellulose phénol)	Mbindéef yi manes na leen a samp ci lu gaaw, jële len ci ndox, etanol, gliserol wala formaldehyde Ceeri biir yi mën nañu leen a diggal ngir mu yombal seetlu bi wala waajal bi.	Mën na peer tek ci lëndēm ci dirub jamono. Yenn saa diggal bu ëpp dafay am. Mbindéef yi dañuy fassu ba noppi wacci ay bët sudee laam bi amul kadre bu baax. Du méngoo ak mbindéef yu am melo wala yuñu kalsifiye. Diiru wowal bi gēna gudd bu media yiñu defare CMC.
Eukitt™	Medium buy yàgg (≥ 30 at). te ànd ak solvant yu bari (aseton, benzèn, kloroform, dioksan, eter, isopropanol, benzoat metil, terpeneol, toluène, xylène). Dafay gaaw wow, pH asid tuuti.	Dafa am ay mbir yu am tookke yu waral ñu koy jëfandikoo ci suufu hotte. Dafay laaj ñàkka am ndox mu bari te yàgg. Du méngoo bu baax ak xeetu mbindéef yu dëll (day rassu, di am ay mbussi gaz). Laam yi mën nañu tàqaloo ci dirub jamono su fekke ne laam du nu ko fomp, wala tëju

	Du lëndëm bu baax ci dirub jamono.	Ñu ko bu baax.
	Dafay ànd ak ay xeeti cuub yu bari (lu melni, fuchsin, hematoxylin, wert metil, violet metil, baxa metil). Mën nañu ko defaraat ginaaw at yu bari suñu ko diggale ci xylene lu yàgg.	Polimerisasioŋ mën na baña mat ci fibre yu bari kolagen.
Enecê	Medium buy yàgg lool (≥ 50 at). Du lëndëm lu yàgg. Dafa gëna yomba jëfandikoo, day yombal pees mi, te ceer yi dañuy neexa tek ci diir bu gaaw. Njëgg lu diaap ndi.	Dafay laaj ñàkka am ndox ci lu yàgg. Dindim ndox mi ak etanol ba noppi jara leko ci essenssu xorom polle day tax yeen ceeri mbindéef yi gaawa dam. Leral gi dafay yeex, loolu tax na seetlu yeen ceeri mbindéef yi (sensilla, ascoid, karaw yu seew yi) yombul lool.

5.3.4. Melokaanu jumtukaay yuñu digle ngir samp (Alluwas 3 ak 4)

Jumtukaay ngir saytu bu gätt

Chloral gum = ndoxee/jumtukaay/solusiyonju Hoyer (IR = 1.48)

Ndoxum Marc-André mooy ndox bi gën ngir seetlu gu gaawa-gaaw (ay waxtu rekk, walla lu ko ëpp tuuti suñu sampee laam bi ci bérab bu tooy) spermathek yi, rawatina ngir jël ay nataal (Nataal 4) walla rédd ko. Ngir denc spermathek yi ñu seetlu ci diir bu gën a yàgg, dafa laaj ñu sampaat leen ci diggante bu am ndox, bu maye ñu mën koo denc ci diir bu digg-dóomu. Mën nañu koo wowal ba pare samp ko ci reesin, waaye laaj na xarala bu kawe te digale wuñu ko ndaxte am na xeeti loru bu réy ci ñakk li ñuy seet. Gom Kloral ak ndoxum Hoyer dañu leen a jàppe ni ñaar yu boka benn maanaa. Ndox momu, dañu koy faral di jëfandikoo ngir seetlu cér yu biir yi, ndaxte dafa ànd ak ndox, yomb a waajal, gaaw a jëfe, ak itam ndax ni muy wonee melokaanu leer bi, loolu di baax ngir seetlu ay melokaanu yu nooy ni melni spermathek yi. Waaye, gom koloral am na ay ñakk yu mag suñu ko waajalul ni mu ware walla suñu ko dencul ci ay anam yu saytu tooyoor bi, bokk na ci mu sedd ba defar ay peer, mu soppiku kulëer, ak mu ñakk a fat.

Wërngël laam ci du jubbanti ayib woovu, ndaxte li ñu ko tegale mën na soppiku bu baax ba ñuul lool (yenn saa yi mu mel ni lu ñuul kukk) ndax jëflante gi mu am ak li ñu ko tegale, rawatina su ñu jëfandikoo Euparal®. Li ñu naan Medium Hoyer, yàgg nañu ko jàppee ne mooy li gën a baax ci wàllu gis-gis ngir jàngat ci yull yi te jëfandikoo nañu ko bu baax ci loolu. Am na ay formilasyon yu bare yu jegeente


te ñu defaree leen ci gomu arabiik, gliserol ak kloral idraat, te am na ci yenn yi ñu jàngate ak njuumte walla ñu tudde leen ci téere yi ci ludul yoon [74].

Donte milieu bu Hoyer baax na lool ngir seetlu spermathecae yi ci yull yi, baaxul ngir denc gu yàgg. Bax na lool ngir seetlu yu gätt, bokk na ci nataal, walla rédd. Ci lu ëpp, jumtukaay yu ndox yi bax nañu ngir samp yu diir bu gätt waaye wóorul ne dinañu sax diir bu yàgg. Ci geneen wàll, jumtukaay yu resin yi dañuy sax lool, lu ci ëpp ay xarnu, waaye mën nañu nëbb ay melokaanu yu ñaw yu spermathek yi ndaxte dañuy ñakk seen kàttanu leral.

Ci ab diir), li ñuy wax medium Hoyer day yàqu ndax wow (Nataal 8), loolu di jur ay peer yu weex, yu ndaw te leerul yu chloral hydrate. Waaye, manees na jëlaat ay mbindéef ci ay laam yu kristalise, ndaxte deer bi du yàqu ci wàllu simi, donte man na am ay yàqu-yàqu yu am ci wàllu melokaanu ndax peer yi di yokku. Ci yenn saa yi, mën nañu defaraat laam yu peer yi ci tooyalaat li ñu leen taqale woon ci bérab bu tàng te tooy, te di ci yokk tuuti timol ngir bañ ay yamar xaalla yu sew di fa sax. Ci wenen waal, mën nañu jële ay royukaay ci gomu kloral bi, ci kaw ñu suuxal leen ci ndox, tooyalaat leen ci asid asetig glasiaal, ba noppi taqalewaat leen ci balsaam Kanada.

DMHF (dimethylhydantoin formaldehyde) (IR = 1.48)

Milieu bu ndoxe bi [72] am na gis-gis bu rafet lool, bu tollu ni bu dëggërinu Berlese, te itam yomb na jëfandikoo ni moom. Lu wuute ak dëggërinu Berlese, DMHF du ñuul walla mu soppiku ay peer ak jamono. Bax na lool ngir samp yull yi ak yeneen Psychodidae itam.



Nataal 8: Dajaleeti ay laam. A: Lam yu yàqu te wow yu ñu samp ak saafara Hoyer; B: Gis-gisu yuul wu wov ci mikroskoop; C: Gis-gisu yuul wu yàqu ci mikroskoop; D: néeg bu tooy bu denc laam bu wow; E: bopp ak F: yaramu mbindéef B ginnaaw bi ñu ko sampate ci Euparal®; G: bopp ak H: yaramu mbindéef C ginnaaw bi ñu ko sampate ci Euparal®.

CMCP (*camphor-mono-chlorophenol*) (*IR = 1.41*)

Lii ab jumtukaay la buñu defaree glycerol tey saw ci ndox, ñu koy jëfandikoo ngir defar ay nataal yu leer tey sax yu ay mbideff yu ñaw, rawatina ay yuul. Benn ci ay njëriñam yu mag mooy mën nañu samp ay royukaay ci anam gu jub jóge ci ndox walla etanol. Dafay dalal te leeralaat gunoor yi ci lu gaaw, di nooyal der bi tey yombal taxawal gu jub gu cér yi, rawatina tasaare laaf yi walla bér awra yi. Donte wax nañu ne jumtukaay bii mën na tax ñu denc lu yàgg, waaye yàgg-yàggu denc googu xamu ñu ci lu bari. Li ko gën a galankor mooy am gi mu am phenol, di lu bon tey indib xasan, tey laaj ñu jël ay matuwaay yu dëgër buñu koy jëfandikoo.

Médium ngir samp bu sax

Canada balsam (*IR = 1.52-1.54*)

Andrew Pritchard, ci ati 1830 yi, moo njëkk a wax ne Canada balsam ab médium bu baax la ngir samp ci mikroskoop bu leer buy jaar ci biir. Ba léegi, bokk na ci yi ñu gëna jëfandikoo ndaxte wone na boppam ne du yàqu ci diir bu yàgg, te jëfandikoo nañu ko lu ëpp tééméer ak juróom-fukki at ci anam gu jáll. Du melni Wër-Wëntu Hoyer yi, du peer te du muccu ndoxum jawwu ji. Waaye, dafa amug leeral ci bopam gu fés, loolu man naa doon ab gállankoor ci yenn xaralay mikroskop yi [60]. Jëfandikoo ay sawukaay yu amul tooke ngir wuutu xylene dafay waññi xeeti loru yi ci wérgu-yaram, waaye mën na tax mu wow bu yéex te gën a gaaw a ñuul, li muy tekki mooy dafay gën a yàqu.

Euparal® (*IR = 1.48*)

Euparal® mooy wuutu gu ñu bare di jëfandikoo mu wuutu Canada balsam ngir samp sax yi, di joxe ag sax gu yàgg ak ab indisu refraksiyon bu niroo. Jëfandikoo gi am na ñaari sart yu mag: (1) faww ñu wowal mbideff yi laata ñu leen di samp bu mujj bi, li ci ëpp mooy ñu jaarale leen ci etanol 95% tek ci etanol absolu; (2) jéego bii di waññi ndox dafay guddal waxtu wi yépp di jël ngir liggéey bi. Su fekke ne mënul nekk ñu waññi ndox ak ay saafara yu organik, mën nañu jël ay mbideff yu ñu denc ci etanol bu sett wecc, teg leen ci beneen saafara bu digg-dóomu bu ñu defaree Euparal® ak Euparal essence ci anam yu yam, laata ñuy def samp bu mujj bi.

Enecê (*IR = 1.467*)

Enecê ab médium la buñuy gëna jëfandikoo ngir fikse ay gunóor yu ndaw te ak jëfandikoom yaatu na lool ci Bresil. Dafa am kolofañ ak gom copal buñ raxas ci alkol, kanfor, terpentin ak eucalyptol. Cerqueira [11] dafa wax ni Enecê mooy wuutu balsam bu Canada ngir sampuk walax njaan yi, ak ruge kug walax njaan yoo yu, ba ci yoo yu matt yi. Booba ba leegi ñu ngi koy jëfandikoo bu baax ngir ray yuul yi. Enecê nekk na tanneef bu am njariñ ci wàllu koom-

koom ngir samp yu yàgg, di joxe taxawaay bu baax ci diir bu yàgg ak diir bu doo ngir mënna dagg ak teg ci barab bu jaar yoon ceer yiy mandargaal.

5.4. Waajal ak weer laam yi

Wowal bu jaar yoon ci laam yiñu samp lu am solo la ngir ak dëgër ak mënna yàggug xeetu mbideff yi. Laam yi dañu wara wow bu baax balaa ñu leen di denc. Waajal yi ñu defaree ay ndoxi samp yu sax dañu leen a wara weer ba ñu taali ñareet ci diirub 2 ba 3 ayu-bis, waaye ñiy jëfandikoo ndox yi nga xam ni senug yaag daa dig domu, dañuy laaj 1 ba 2 ayu-bis. Li gëna wóor mooy nga weer ko ci fuur bu am tangoor wu méngoo ak ndox moomii ñuy jëfandikoo, nga moytu tangoor wu ëpp lu mënna yàq xeetu mbideff yi. Tàngoor wu dox diggante 30°C ba 37°C moo baax. Jéego boobu dafay am solo ngir moytu laam bi moy, xeetu yàqu-yàqu, wala ndoxu samp mu dallul ci diiru dencukaay bi.

Dañu wara bind ndoxu samp mi ñuy jëfandikoo ngir fikse ko ci kayit wi dikkale ak laam bi. Su ko mënnee, dañu wara bind day bi gëna jubal ci médium bi, turu ki koy defar, ak bis bi ñu ko defaree. Laam yi dañu leen di njékka waajal ñu nekk samp yudul yàgg; waaye, sudee tolluwaayu benn xeetu mbindéef soppeeku na (ci misaal, ñu teg ko muy bokk ci xeetu seeri tiggii), dañoo digle ñu defaraat ko ci médium bu nara yàgg ngir mënna ko denc ngir njàngum raññatle xeet yi ci kanam.

5.5. Xeetu pexey samp yu ñu mana wuutale: Samp ci kàrt

Samp ci kàrt pexe la bu ñuy jëfandikoo ci mbolem gunóor yu bari, maanaam dañuy fikse xeetu gunóor yi ci kàrt entomologik wala ñu kol leen ci seen kaw. Ci kaw rëyaayu yuul yu tuuti yi lool, dañoo soxla xool bu baax ci seen biir ngir mënna xammee (xoolal pàcc 5), jëfandikoo anam wii du lu gën ci yuul yi.

5.6. Dellsu sampat yuul yu yàqu yi

Ngir xeetu mbindéef yu bariwul wala yu am solo, dañu leen di digal ngeen jëfandikoo ñaari jéego, lépp di méngoo ak protokol biñ wane ci wideo bi diaap ndi ci: <https://zenodo.org/records/18315029>.

1) Gacc faalaat te duñu ko dindi. Laam yi dañu leen di njékka tooyal ngir mënna am ab seetlu bu njëkk. Dañuy dugal benn tegu kayu laam yu bari ci biir plaatu Petri, ba noppi ñu def laam biñ wara toppatoo ci kawam. Dañuy yokk ay milimeet yu néew ci solvant ngir defar néeg bu xawa tooy, nga moytu lam bi laal ndox mi (Figure 8 D). Diirub nandalaat bi mingi tãmbalee ci benn fan wala fan yu bari, lépp di aju ci ni xeetu mbindéef bi di doxee. Diko saytu bis bu nekk ak nanggo xaar lu am solo la ci. Su laam bi tooyee lu doo, mën nañu ko dugal ci incubatër waxtu yu néew balaa ñu koy xool ci mikroskoop, foto wala ñu koy nataal ci rëd.

2) Sooy sampaat, mën nga delloosi laam bi ci néeg bu xawa tooy bi ay waxtu yu néew wala mu fanaan ca. Booy dindi samp bi dañu ko wara def ci biir mikroskop bu am yaari gët. Jëfandikoo puso yu sew, ñu dindi laam ci ndànk, ngir moytu benn cër ci yuul wi deess, tax ci (<https://zenodo.org/records/18315029>). Ginaaw loolu ñu dajale cër yiñu dagg, raxas leen ci ndox ak ay puussoo yu ndaw, lu ci melni yi ñuy jëfandikoo ngir dindi ADN/ARN buy yàq (xoolal ci suuf), balaa ñuy ñàkk ndox ba noppi ñu defaraat leen ci biir medium bu am resin. Sooy dindi laam, fàww nga xam medium bi nga njékka jëfandikoo ngir mēna tànn solvant bi war. Ndox lañuy jëfandikoo ci medium yu ndoxe, waaye xylene lañu soxla ci medium yu am resin (lu melni, balsam Canada wala Euparal®). Xylene dañu ko wara jëfandikoo ci suufu hot bi ak jumptukaayi kaaraange bopp yu war, lu ci melni kaaraangey noyyi. Samp xeetu mbideeff yi, dañu ko wara def ci ak deggo ak ki ko wara saam wala kuréel gi yor maakaan mi ko moom.

6. Xamme mbideeff yi

6.1. Melokaan

Li gēna am solo ngir xàmme yuul yi mooy xool seeni mândargay yaram, lu ci melni jëmmu dēnn bi, laaf yi, cër yi, karaw yi, ak yenn lëkkaloo ci wallu diggante, ci xeet yu wuute yi. Gëstukat yi dañuy jëfandikoo caabi ràññee yi, dajale royuwaay yi, ak tegtali xeetu mbindéef yi ngir méngale xeetu mbindéef yiñ dajale ak yiñu jota xam. Mândarga yi gēna am solo ngir saytu leen, lu ci melni rēdi laaf yi ak melokanu bopp bi ci góor ñi ak jigéen ñi, cëri awra yu góor yi, ak yu jigéen ñi, dañu am solo lool ngir ràññee xeetu mbindéef yi. Ngir ràññee ko bu baax fàww ñu saytu ko bu baax ci mikroskoop, ñu koy faral di jëfandikoo mikroskoop optik ngir xool mbir yu rafet yi (awra yi, spermathek), wala loupe bu am yaari gët ngir gēna xam mândarga yaram yi. Ay jéego yu am solo yuñ amal ci wàllu nataal yombal nañu jëfandikoo nataal you portale ngir xàmme yuul yi. Nataal yu am resoluşion bu kawe wala tegtali portale yu mândarga yi gēna am solo mēn nañu leen méngale ak ay jumptukaayi royuwaay wala ñu jàngat leen ci sistemu ràññee kaay bu ordinatër di jàppale, loolu mooy gēna yombal njubte ak yombal taxonomi mandarga.

6.2. Mbidum laaf yi

Mbidum laaf mooy mândarga bi gēna am solo ngir xàmme ak xaajale xeeti yuul yu bari yi. Laafi yuul yi dañu am jëmm ju ñuy ràññee, dañuy gudd ba noppi sew, am sidit yu mągg (Nataal 9 ak 10). Rabbinou rēd yi ci laaf yi day wone ay mandarga yu wutte ci biru xeet, ak ci xàmme leen. Kon jàngat rēdinu laaf yi dafay joxe leeral yu am solo ci wàllu ràññee.

6.3. Tolluwayu rēd yi ak seenub seddelikoo ci laaf yi

Barina pexe yu ñuy jëfandikoo, lu ci melni tolluwayu rēd yi ak seenub seddelikoo, ngir jàngat ak méngale jëmmu laaf yi ak dayo yi ci diggante xeeti yuul yi, wala seenuw askan. Jàngat tolluwayu rēd yi dafay jàngale itam ni ñuy doxalee, seeni tannéeef ci dëkkuwaay, ak ni ñuy mēnee naawe.

Ci anamu tolluwayu rēd yi ak seenub seddelikoo, dañuy teng xi laaf yi ndank, suub leen ba noppi ñu tass leen, ba ñu talli ñiareet ci digante laam bi ak laam ci. Ginaaw loolu ñu jël laam yiñu waajal, foto leen ci mikroskoop bu am yaari gët, runk leen ci ordinatër yi, ba noppi ñu jàngat leen ci tolluwayu rēdi laaf yi ak seenub seddelikoo. Xeetu xam-xam boobu dañu ko fësal bu baax ci biir téere yi [6, 27, 42, 56, 57, 59], ak digale ñu jëfandikoo ci anam wu xajale, laaf bu ndeyjoor wala bu cammo ñ ngir cër yuñ boole ngir moytu jafe-jafe nattin yu baaxul [62].



Nataalu 9: Laafu *Trichophoromyia iniinii* bu ni ñum



Nataalu 10: Laafu *Phlebotomus ariasi* bu am meloy wirgo.

Waajal laaf ngir jàngat tolluwayu rēd yi ak seenub seddelikoo

Ngir mēna gis sidit mbaa rēd yi ci laaf yi bu baax, fàww da nuy xuuf karaw yeep ba noppi suub leen. Soo leen di waajal, dangay njékka feesal pott yu ndaw yi ak reactif yi nga soxla (bleu méthylène, éthanol, ndox, ak luy wecci xylene). Wutal laaf buñ denc ci 70% etanol ci tangooru

néeg, nga wëlbatu tube Eppendorf bi nga sotti ko ci kaw pott bi, ba noppi nga yëkkati laaf bi ci guddaay bi nga jëfandikoo puso bu seww te xawa sëgg. Wutal laaf ci etanol nga dugal ko ci ndox, ba noppi nga delloo ko ci etanol ngir ruussal karaw yi. Bi ci topp, nga dugal laaf wi ci methylene wu melo ni baxa ci diiru 6 simili, nga fexe ba mu des ci ndox mi balaa ngay def melo bi. Dindil laaf wi ndànk nga dugal ko ci luy wecci xylene ci diiru 2 simili (lu tollu ci benn ci ñatti pàcc yi ci diiru methylene wu melo ni baxa). Fëggal puso bi tuuti ci wetu finga dell laaf wi, mu daldi suux; xylene bi fi nekk dafay dëgërél wirgo yi. Soo noppee nga yëkkati laaf wi, tek ko ci kaw tuuti Euparal® , tek ko ci laam bi. Tekk ci saytu koo ci mikroskoop bi. Ci suufu benn loupe bu am yaari gët, ubbil laaf wi ndànk, tekk ci kawam laam ci. Dañuy daadi wara jël nataal yi ci saa si, balaa Euparal® bi di gëna jëm ca kanam, ndax fàww nga yengëll laaf wi tuuti bamu taalli ñarreet.

6.4. Pexem Bioloji Molekilëer

Lu weesu gis-gisu meloookan, anami molekilëer nekk na lu am solo ci njàngatum gunoor, rawatina ci xeet, ndonoy askan, ak njàngatum mbook, ak itam ngir gis ADN / ARN bu doomi jangoro yi ak xam ci ban xeettu mbidideff lañu naane deret, ak seenuk aay ci joxe ay jangoro [70]. Mën nañu jëfandikoo toppalante ADN ngir firndeel ràññeekaay xeetu mbindéef yi wala ngir wuutale xeetu mbindéef yi gëna bokkoo, loolu mooy tax ñu mënna ràññee mbindéef yi ci anam wu gëna jub te wóor. Rax ci dolli, pexey molekilëer yu xarañ yi (PCR, toppalante ADN, NGS, ak ñoom seen) ak spectrometri masse MALDI-ToF ñu ngi gëna am solo ngir ràññee xeetu mbindéef yi ci anam wu gaaw te jaar yoon, di mottali pexey meloookan yu yàgg yi [46]. Doonte amna yokkute yooyu, ràññeekaay meloookan mooy gëna am solo ci taxalee leen, te mooy nekk royuwaay bi ñuy jëfandikoo ngir tekki ak firndell li ñu giis ci wallu molekilëer.

6.4.1. Jukki buy yàq asid nucleik

Jukki asid nucleik jëego la bu ñuy faral di def ci njàngum biologi yu bari, te barina pexe yuñ defar ngir tàqale ADN ci mbirum biologi [48]. Barina kit yu ñuy jaay ngir dindi ADN ngir yombal liggéey bii [14]. Waaye, anam yi ñuy jëfandikoo bu yàgg ngir waajal xeeti gunoor yi ngir ràññee meloookan dañuy faral di tere jàngat molekilëer yi ndax mën nañu yàq màndarga yu am solo yi ci xeetu mbindéef bi [10]. Protocolu extraction ADN yu bari yi ñuy jëfandikoo ci suuxi gunóor yi dañuy yàq [43], te loolu dafay indi jafe-jafe yu gëna mag ci xeetu gunóor yu ndaw yi, ndax doonte lu néew nga dindi ci yaram wi, mën na yàq màndargay meloookan yu am solo [72]. Xeet ak meelow dencukaay bi dañu am solo lool ci tanneef njobluwaay bu méngoo ak ADN bi [29]. Soxla ràññeekaay yuul yi bu wóor, xam anam yi askan wi di doxee, ak wàññi jafe-jafe yi ñu bëggul woon, moo waral ñu defar juntuukaayi diagnostic molekilëer [23]. Leegi

dañuy faral di jëfandikoo xeeti molecule ngir mottali xeetu taggale ci mandargay ràññee yuul yi. Ci misaal, anam wi ñuy jëfandikoo ngir kod barre ci gunóor mooy jël ADN bi ba noppi toppalante ko, te loolu mooy tax ñu ñàkk xeetu gunóor bi yepp. Kon dafay am solo lool ñu taxawal am pexe mu dul yàq ADN boole di same yaram and meloookanu mbindéef yi.

Barina pexe yuñ jëfandikoo ngir segg asid nucleik ci yuul yi. Bariwaayu ak mucc ayibuk ADN biñu soxla te aju ci saytu molekilëer, ak pexe yu bari yu am day laaj yu wuute ci wallu dëppo ak setal [9]. Ci misaal, bëti yuul gis nañu ni mën nañu tere PCR jakk [69]. Ginaaw ràññeek doomi jangoro yi, dañuy faral di jël ADN yuul ngir ràññee xeet yi tamit. Barina pexe yuñ mënna jëfandikoo dindi ADN, ci anam yu baax te seel. Yenn tektal yi defarkat yi tann, gëstukat yi dañu leen di jëfandikoo ci yuul yi [8], yokk njurëef ak / seeluk asid nucleik yi ñuy gëne [8, 9, 69], ci yeneen jëfandikoo, ñu njëkka defar ngir yeneen mboooloy gunoor, mën nañu ko jëfandikoo itam ci yuul yi [58, 7]. PCR yiy xàmme daggiti mitochondri yu ndaw yi (COI wala CytB) dañuy méngoo bu baax ak pexe yi ñuy jëlee ci ADN bi, te loolu dafay jur daggato bu bari ci ADN bi. Waaye yenn xaralay toppalante buum yu gudd (NGS), lu ci melni Oxford Nanopore wala PacBio, dañu soxla ADN bu baax te du xaajaloo bu baax. Li ñuy jëlee ci ay jëni silice dafay defar ay pàccu ADN genomik yu yegg ba 60 kb, waaye li ñuy jëlee ci phenol-chloroform mën na defar ay pàcc yu yegg ba 150 kb [77]. Alluwa 5 dafay ténk pexe yu bari yi ñuy jëfandikoo ngir dindi ADN ci yuul yi, ba noppi wone ndax am nañu ay coppite ci pexe yiñ jëfandikoo. Li ci genne wone wuñu ko ndax dañu aju ci dayo xeetu mbindéef mi ak ci anam wi ñu koy waajalee. Carub "soppi" dafay wax ci méngale protokolu jël gi, ci yuul yi wala yeneen xetti gunor yu ndaw.

Sooy tann xeetu gëne gi, fàww nga bàyyi xel ci mbir yu bari, lu ci melni limu mbideff yi, diirub gëne bi, ak pexe yi ci topp. Doonte pexem NGS bi dañuy laaj ADN genomik bu barib natt ci molekilëer, pexe yi ñuy wane fii yépp méngoo nañu ak jëfandikoo PCR yiñu gëna xam.

Rax ci dolli, jàngat yu bari dañu jàngat pexe yi amul yàqu-yàqu ngir dindi ADN ci xeeti gunor yu ndaw yiy dundu ci kaw suuf, ci misaali yuñ denc ci lu wow ci ay kaggu, ak ci xeeti gunor yu am yaram wu woyof [19, 26, 28, 55, 63].

6.4.2. Jukkig asid nucleik budul yàq

Benn ci jafe-jafe yi gëna gálankoor jàngat molekilëer yi ci xeeti gunor yi, rawatina ci yuul yi, mooy ñu wara denc xeetu mbindéef yi ngir boole leen ci ndajalem xeet yeep. Yoonu jukkig ADN yu bari dañuy laaj tucc tuccal ceer yi, suko defee loolu day yàq meelokan wu jëkk wu mbideeff mi. Pexem dindi asid nucleik budul yàq, dañu ko tëral ngir dindi te bana yàq mbideff mbàa mokal ay ceeram. Pexe

yooyu dañu am solo lool ci xeetu mbindéef yu bariwul wala yu néew, lu ci melni yuul, ndax foofu mën naño baña yàq njubte gi ci wàllu ràññee melokann, wala ngir saytu jangoro yi. Benn ci pexem yi ñuy gëna jëfandikoo mooy xeetu tooyal budul yàq, muy tēj yuul yi ba noppi dugal leen ci ndox muy togg sen yaram bu am proteinase K. Pexem Vectorlyse bu woyof lañu jëfandikoo ak ndam ci yuul yi, rawatina ci xeet yu ràññee ku yi [24]. Bokk na ci anam yi ñuy jëfandikoo kit kolon silisium buñ miin (ci misaal, kit DNeasy Blood and Tissue, QIAGEN, Hilden, Allemagne), ak ay coppite yuy tax ñu mëna dindi ADN te du yàq mbindéef mi. Jéego yi ñu deff ci soppali (dayyob tampon bi ak yokk benn jéego ci seeral bi [17] dañuy may ñu bàyyi asid nucleik yi ci noonu lañuy wàññee yàqu-yàqu yi ci melokaan [24]. Ci yuul yi, mën naño jëfandikoo kit biy dindi ADN HotSHOT (Bento Bioworks Ltd, Londres, UK); Dafa gaaw te diapndi, suko defee ñu mëna defar misaal ci

anam wu gaaw te yomb. Mbindéef yi jem ci walu raaññe ci xeet, man nañu leen a raxass.

